ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№156 (22.064) ● 2011 гъэм щыщхьэІум (августым) и 20, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Бахъсэн куей

Къуажэхэм я псэуКІэм зыхагъэгъуазэ

Республикэм и цыхуэхэм я псэуКІэр зыхуэдэр къэзІэнымКІэ правительственнэ комиссэу Премьер-министр Герт ер Иван зи унафэщІыр Бахъсэн куейм Бахъсэн кІалэ округымрэ щыІащ.

КУЕЙР къыщыІэжикІухьым правительствэм и Унафэщым и гуапэ хьуэу аргуэру кІигъэ лъэгуащ сабийуэ кІалэхум я бжыгъэм зэрыхэхьуэр. Абы къыхэкІыу апхуэдэхэм къэралыр шэсапІэ щІиуа Іуэхутхьэбзэхэр и чэзум яІэрыкъэным нэхъ пасэу егупсысын хуейщ. Псоцыр уейуэ и закъуэщ сабий садхэм чэзу здэщымыІэ жылагъуэу куейм итыр. Сабийуэ 140-рэ щІыгъыным хуащІа садым екІуалІэр 115-рэ къудейщ. Аращи, мы унэр зэгъэпэщыжыным къаруушхуэ трамыгъэкІуадэми хьунущ. Комиссэр здэщыІа нэгъуэщІ къуажэхэм цыкІу садхэр хуабжьу кІащомэщІэкІ. КІыщтэк къуажэм сабий 30 щІалыгъыным хуэахуа садым цыкІу 60 йокІуалІэ, иджырри 150-рэ чэзуэ къащІалъхьыным поплъэ. Мыбы сабий 200 нэхърэ мынэхъ мащІэ щаІыгъну сад щауэжэн хуейщ. Кременчуг-Константиновскэм сабий 35-м я тещІыхьа садым 60 щІалыгъщ, сабий 30 здахьын ягъуэтыркъым. Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министрым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий жиІащ сабиин 120-м хуащІа садыр 90 гъэхэм школ-интернатым иратыжкуэ зэрыщытар. Щхьэусыгъуэр къыхэзрыгуэкІг: сабийуэ кІалъхур куэдкІэ нэхъ мащІэ хьуат. Абы къыхэзрилъытэмкІэ, щытыкІэр ирагъэфІэкІуэфынущ а интернатым щаІыгъхэр Нартан дэт сабий унэм ягъэІэпхьуэу садым зрагъэубгъуэмэ.

1953 гъэм Бахъсэн кІалэм щащІа клубыр хуабжьу зэрагъэпэщыжын зэрыхуейм щытепсэлъыхьым, унафэ ищІащ блынхэм ящыщ зым Ленинрэ Сталинрэ я сурэт хэщІыхьахэр кьыханэну.

Псыхъурей къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэр жыві хъуащІ, абы и пІэкІэ щІэ щаухуэнущ, апхуэдэу школыщІэ щыщІыныр федеральнэ программэм хагъэхьэнущ.

Куейм гулыытэщхуэ щыхуащІ спортым. СпортымкІэ, туризмымрэ курортэмкІэ министр АфІэунэ Аслъэн и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, «Мы районым и закъуэщ езым и ахьшэкІэ футбол губгъуэхэр кьуажэхэм щызыхуэхъэр. Апхуэдэ губгъуэхэм ящыщ зыр куейм и администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Къэсэн комиссэм хэтхэм Бахъсэненкэ къуажэм щаригъэльэгъуащ.

Республикэм щынэхъ ин дыдэ Дыгулыбгъуей къуажэм и администрацэм и Іэтащхьэ Хэжь Заур комиссэм хэтхэм кІажриІащ Щэнхабзэмкіэ унэр зейм теухуауэ Іуэху кьаэзрыхуькуэкІар. Кіалэмрэ куеймрэ щызэхэкІым, а унэр районым кьыхуэнащ, Бахъсэн кІалэ округым и щІынальэм итми. Абдеж унафэ кьыщащтащ а унэр кьуажэм иратыну икІи хуабжьу егупсуу зэрагъэпэщыжыну .

НыбжьыщІэ куэд зэрыдэсэр кьиІльэтрэ, Правительствэм и Унафэщым кьыхилъхьащ спорт Іуэхущапіэ ин яухуэну. Афіэунэ Аслъэн кьыхилъхьащ футбол джэгупІэщІи ящІыну.

10-нэ школыр кьыщащІльыхьым аргуэру кьыкьуэкІащ лэжьакІуэхэм я бжыгъэр гъэтэмэмыным и Іуэхур.

Гертер Иван ткІийр къигъэ уващ педагогхэм я бжыгъэр федерацэм щагъэува пщалъэм ирагъэзэгъыну. Аслъэн ауэдэ щыкІэкІэ егъэджакІуэхэм я у лахуэм хагъэхьуэфынущ.

Жылагъуэрэ къыщІэхъуащІ яухащ Бахъсэн кІалэ сымаджэщымрэ Щэнхабзэмкіэ кІалэ унэмрэ кІапІыхьри. Псоми гу зэрыльатащ, сымаджэщым и лэжьакІуэхэм езыхэм я кІаруклэ унэхэм я пэш кІуэцІхэр зыхуей хуэхъуэхэр, ауэ езы унэхэм я нэхъыбэм я щхьэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ зэхъуэкІын, гинекологие кІудамэм и унэр хуабжьу зэгъэпэщыжын хуейщ.

Апхуэдэ щытыкІэм итщ Щэнхабзэмкіэ унэри. Кіалэ адміністрацэм и Іэтащхьэм и кІалэнхэр зыгъэзащІэ Хьэщпакъ СультІанрэ Щэнхабзэмкіэ унэм и лэжьакІуэхэмрэ я фІыщІэкІэ ар мэлажьэ, арщхьэкІэ егупсуу зыхуей хуэмыгъэхъэу щыхуейым.

Иджыпі правительственнэ комиссэм кьыхуэнэжкар республикэм и жылагъуэхэм щалъэгъуэкІар зэхалъхьэжынырщ. Абы и уэжькІэ республикэм социальнэ Іэнатіэр щегъэфІэкІуэныкІэ илъэси 5-м тещІыхьа программэ щагъэбелджьылынущ. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ псоми щрагъэкІуэжьыну лэжьыгъэхэр щабзыхуэнущ КъБР-м и Президент Кьанокьуэ Арсен кьалэн кьаэзрыщІым тету.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

● Республикэм и куейхэм

Нык ъусаныгъэхэр ягъэзэкІуэж

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и кІэхэм кьешха уэшхыщхуэм зэранигъэ инхэр кьыхуихьауэ щытащ ди республикэм и щІынІэ нэхъ дахэхэм ящыщу кьалъытэ Щэджэм псыкъелъэхэмрэ абы и Іэгъэблагъэм щыІэ жылагъуэхэмрэ. Мы щІыпІэм зыпІльакІуэ къэкІуахэм я махуэхэм я нэгу щІэкІащ гъэзугубгъуэхэр напІэзыпІэм Іузылъэсыкіа, уэздыгъэ кІапсэхэр, газ зрикІуэ бжьамийхэр зэтезыкьуга ятІэпс уэрым и кьехьыкІар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Транспортымрэ гъэуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм и ухуакІуэ бригадэхэр абы лъандэрэ зы махуи мыуыбІауэ а ныкьусаныгъэхэр гъэзэкІуэжьыным яужь итщ: ятІэпсым щІихьума гъэуэгу Іыхьэ куэдыр ягъэкъабзэжащ, уэздыгъэ, газ зэрыкІуэ линиехэр зэгъэпэщыжыным идкьыпсту йорэжь. Мы махуэ зэкІэлъыкІуэхэм Щэджэм ЕтІуанэ-Іулупіпу жылагъуэхэмрэ Щэджэм псыкъелъэхэм я Іэгъэблагъэхэмрэ лагъымхэр кьыщагъащ, ятІэпсым зэтрихьа мывэ джейхэр абыхэмкІэ зэхакъутэу, нэхъ тыншу техникэхэмкІэ Іуашьи мурадкІэ.

Мы Іуэхугъэуэхэр и кІэм нэблэгъэну а щІыпІэхэм укІуэ зэрымыхъунымкІэ хъыбар ирагъэщІащ ди деж щыпсэуэхэм зыпІльыхьакІуэ къэкІуауэ щыІэхэми. Ухуакіуэхэр йоужьэрэкІ а лэжьыгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэр илъэс 90 щрикъу махуэхэм и пэ къихуэу зэрызэфІагъэкІыныр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.
Шэджэм куей.

Сыт и лъэныкъуэкІи хуэфащэу

МАЙ РАЙОНЫМ и щІынІэ администрацэм и пресс-Іуэхущапіэм кьызэритымкІэ, куейм жыджэру зыщыкъуагъэхьэзыр фокІадзэм и 1-м Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр Щыгынгъэхэм я махуэхэм тохуэ. Абы къыхэкІыу, фокІадзэм и 1-м и пщэдджеижьым «Ягъ уэздджынэм» и гуфІэгъуэр щыІэ и школ псоми щагъэлъэпІэнущ.

Иужьк Іэ Щэнхабзэмкіэ унэ псоми концертхэр щатынущ, Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуа сурэтхэр зрагъэлъэгъуэнущ. Арщхьэкіэ Іуэху нэхъыщхьэхэр щекІуэкІынур Май кьалэм и утырщ. Кьалэдэсхэмрэ хьащІэхэмрэ ирагъэпльынущ «Дыщалъхуа республикэм ФІыуэ тлъагъу и щІыпІэхэр» сурэтхэм, пэшхэм щагъэкІ удз гъэгъахэмрэ нэгъуэщІ кьэкІыгъэ гъэщІегъуэнхэмрэ утыкур хуит хуащІынущ, асфальтым сурэтхэр тещІыхьым хуэхэа «Къэралыр - ар дэращ» зэпеуэр щекІуэкІынущ. НыбжьыщІэхэр футбол, стритбол зэдагъэджэгунущ, къызэдэжэнущ. Нэхъыжьхэр едэІуэнущ ФІыуэ яльэгъуа макъамэхэу Щэнхабзэмкіэ унэм и духовой оркестрым игъэзэщІэнухэм.

Пщыхьэщхьэхэм Іуэху гуфІэгъуэ концертышхуэ ятыну я мурадщ. Абы хэтынущ «Тэрч къэзакъэр» уэрэджэлакІуэ, къэфакІуэ ансамблыр.

Май куей.

Мэкъумэщышхэр фейдэ яІэну мэгугъэ

МЫ ИЛЪЭСЫМ гьатхэр уэлбанэрилэу зэрыщытам къыхэкІыу, Джылахъстэнейм хэгъуэр нэхъ щыгуфІэу. Абы емыльытыгъуэ, лъэпщІиммрэ мэкъумылапхъэр къагъэсэбэп къэкІыгъэ щхьэантІэхэмрэ кІэрыкІуншэу кьрахьэлІэжькІ яхуэзфІэкІащ. Апхуэдэу и кІэм ноблагъэ гектар къэс центнер 40-50 къызытрах гуэдзым и Іухьыжьри. Гъавэрэ-Іжькіэм зэрыжаІэмкІэ, ар икІу ит щапхъэм фІыуэ щхьэдэк. Кьапщтэмэ, Джылахъстэнейм апхуэдэ ехьулІэныгъэ иІэныжьмкІэ сэбэпышхуэ хуэащ мэкъумэщ Іуэхущапіэ куэдыр техникэхэмкІэ нэсу къызэрызэрагъэпэщащ. КьыхэзгъэщІапхъэщ гъавэгъэкІхэр иужьрей илъэсхэм щІыгъэпшэрхэмкіи зэрымыбзаРэрыгъыр. Мы гъэм Тэрч куейм щІапІэ-щІапІэ гектар мин 15 щыхасащ, нартыхур мин 16-м ноблагъэ. Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ куей управленэм и унафэщІ Уэдыхъ Тимур къызэрыджиІамкІэ, нартыхум и щытыкІэми арэзы ykъещІ.

Мы зэманым абы зэпымыууэ псы щагъэзльадэ. Мэкъумэщышхэр илъэс кІуам нарт-Іуэу кьраньэлІам нэхъэ нэхьыбжэ магуГъ.

Джылахъстэнейм мы гъэм хадзэкІ зэмылІэужьыгъуэхэр гектар мини 4-м ноблагъэм щащІащ, тКІуэпс псы щІагъэльэдзкІэр кьыщагъэсэбэпу жыг хадэ гектар 30, сэхуранэу гектар мини 5, хьарбыярэ хъэуану гектар 500 иІащ. Ахэри егупсуу зэрахьэ икІи и гъжьыгъэм фейдэ кьыпокІуэ.

ЛЪОСТЭНМуэз.
Тэрч куей.

Ахъей Фаинэрэ Мэремкъуэ Арсенрэ *(нжьымкІэ щытщ)* сертификатыр зыхуагъэфащэхэм я гъуэгу. *Сурэтыр* **ТОЛГУРОВ Камал** *трихащ.*

Дзыхь зэрыхуащІ сертификатхэр япэу ират

«ЛЭЖЬАКІУЭХЭМРЭ цІыхуэхэр ІэнатІэкІэ къызэрыгъэпэщхэмрэ я хуитыныгъэхэм кьигъэувхэр гъэзэщІэныр зи кІалэн предприятэхэм я ІуэхущІафэр зыхуэдэр хэІуцІыІу щІын» федеральнэ проектым нтікъ итІэ, «Дзыхь зэрыхуащІым и щхьэхэт сертификатхэр» зыхуагъэфэщахэм иджыблагъэ щратыжащ КъБР-м и Профсоюзхэм я унэм. Абы и къызэгъэпэщакІуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Профсоюзхэм я федерацэр, КъБР-м Лэжьыгъэмкіэ и Іэхэрал инспекцэмрэ республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэмрэ.

Зэхьхьэ гуапэр къыхэІуэныха, КъБР-м и профсоюзхэм я федерацэм и Іэтащхьэ Ахъей Фаинэ къызэрыхигъэщамкІэ, а проектым Урысей Федерацэм 2006 гъэм лэжьэн щыщІидзащ. Абы и мыхьэнэ нэхъыщхьэу щытыр лэжьакІуэхэмрэ ахэр ІэнатІэкІэ къызэзыгъэпэщхэмрэ зэгурыІуэныр, Ахъейм апхуэдэу жиІащ проектыр мыльку къэзылэжь Іуэхущапіэ псори хуиту лэжьэн, заужьын папщІэ абыхэм нэхъ ІэмалыфІхэр кьахуэзІухыным зэрыхуэгъэпсар.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпэу дзыхь зэрыхуащІым и щхьэхэт сертификатхэр зыхуагъэфэща Іуэхущапіэхэр Зыуэ щыт федеральнэ реестрым хагъэхьэнущ икІи ахэр Урысей псом кьыщащІыхунущ, - ту лъаригъэтащ Ахъей Фаинэ.

Сертификатхэр ирагащ «Такси» ООО-м (унафэщІыр Амщокъуэ Сергейщ), «Россия-Юг-Медиа» ООО-м (Щумахуэ Арсен), «Налшык-АвтоВАЗ» ОАО-м (Кьумыкъу Алим).

КъБР-м Лэжьыгъэмкіэ и къэралинспекцэм и Іэтащхьэ Мэремкъуэ Арсен зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ сертификат къэзыхьыну хуейхэм хуагъэув езыхэм я лэжьакІуэхэм я лэжьэгъуэ-зыгъэпсахугъуэ зэманыр хабзэм тету зэтраухуэну, улахуэ тэмэмкІэ къызэрагъэпэщыну. Апхуэдэу а улахуэр лэжьапІэ нэхъ мащІэм и щІагъ къех хъунукъым, абы кьыдэкІуэуи и чэзум иратын хуейщ.

Проектым хэт Іуэхущапіэхэм Іэмал имыІэу щылэжьэн хуейщ пэщІэдзэ профсоюз зэгъуэныгъэхэр, лъэныкъуищ зэгурыІуэныгъэхэр зэращІыгІуэ. ЛэжьакІуэхэм я бжыгъэри абыхэм ахъшэу я лІэрыхьэр зыхуэдизри наІуэу щытыпхъащ.

ЗэІущІэр къызэзыгъэпэщахэм къыхагъэщащ мы проектым къыщигъэльэгъуахэр лэжьыгъэ законодательствэм щагъэзащІэрэ щамыгъэзащІэрэ илъэсищкІэ къапщытэнукъым. Апхуэдизи пІалъэкІщ сертификатыр зэрыратри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу федеральнэ проектым щытекІуахэм ехъуэхъуащ Мэремкъуэ Арсен, республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ, транспортымрэ гъэуэгу хозяйствэмкІэ и министрхэм я къуэдзэхэу Голочалов Николайрэ ДыщэкІ Аслъэнрэ, автотранспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщІ Головатенкэ Аннэ сымэ.

Зи гугъу тщІа федеральнэ проектым лэжьэн зэрыщІидзэрэ пщІэ зиІэ сертификатхэр Урысейм и Іуэхущапіэ зэмылІэужьыгъуэ 1.500-м яІэрыхьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зэкІэ абы хьихьар зи цІэ кьитІуаищырщ.

УАРДЭ Женя.

●ЗэІущІэхэр

Нэхъыщхьэхэм топсэлъыхь

Дыгъуасэ Налшык щекІуэкІащ ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академием и зи чэзу зэІущІэ убгъуа. Абы и лэжьыгъэм хэтащ ЩІДАА-м и президент Нэхуш Іэдэм, вице-президентхэу Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд (КъБР), Бэчыжь Лейла (КъШР), Бырсыр Батырбий (АР) сымэ, ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр ЩІэныгъэ центрым и тхьэмадэ Иуан Петр, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и ДыкІуэхэр, академием хэт щІэныгъэлІхэр, жыдагъуэ дэжьакІуэхэр, ЩІагъэлІ щІэрыІуэхэр.

ЗэІущІэр къызэІуихри, академием хэтхэр 2010 гъэм и щыщхьэІум щегъэжьауэ зиужь итахэм, зыІэрагъэхъа екъуЛІэныгъэхэм, кІапэщылъ кІалэнхэм убгъуауэ тепсэлъыхьащ Нэхуш Іэдэм. Абы и псалъэхэм дыщІигъуу, гу зылъытапхъэ Іуэхугъуэхэр игъэбелджылыуэ кІэпсэлъащ ЩІДАА-м и щІэныгъэ секретарь Тхьэзэпльэ Хьэсэн. АдэкІэ хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм щыІэ щІэныгъэ центрхэм я тхьэмадэхэм утыку кьрахьащ кІапщытэ пІалъэм кьриубыдэу дэтхэнэми иригъэкІуэкІа лэжьыгъэр зыхуэдэр.

Академиер ильэсым кьриубыдэу зэрылэжьа мылъкур зэрызэхуахьэсамрэ ахъшэр зытрагъэкІуэдахэмрэ кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ ЩІДАА-м и бухгалтер нэхъыщхьэ Аслъэнкъуэ Инарэ.

ХьэфЫщІэ Мухьэмэд �щІДАА-м хагъэхьэну зыхуэфащэхэм я цІэр кьриІуащ икІи абыхэмкІэ зэрыдгъэщІ кьагъэлъагъуэу, академием хэтхэм Іэ яІэтащ.

ЗэІущІэр зэрекІуэкІам, абы кьыщаІэта Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуа тхыгъэ ди газетым и кьыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым теты-нущ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Спартак» (Мэскуу)

Налшык. «Спартак» стадион. Щыщхьэ Іум и 21-м. Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 45-м.

Республикэм щыпсэухэм гу зылъатапхъэ

Іулъхьэ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхуэхэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбарэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж щыІэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.



Медведев Дмитрий Адыгейм щохьэщІэ

АДЫГЕЙ. *Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий лэжьыгъэ Іуэхуэ Іэ республикэм щыІащ. Къэрал Унафэщ Іыр хэтащ Адыгейм и егъэджакІуэхэм я щыщхьэІу зэІущІэм, Менкъуапэ дэт, зэрагъэпэщыж курыт еджапІэ №11-р зриГъэльэгъуащ, иджырей технологиятеу яуха сабий садым щыІащ.*



Иужьрейм сабийхэм зыщагъасэу ирихьэлІати, цІыкІухэм садым и унафэщІым и Іэдакъэщ Іэк І уэрэдым Президентыр ирагъэдэІуащ.

Сабий садым Медведев Дмитрий мейкъуапэдэсхэм щахуэзащ, Адыгейм иджы ятеуэ къызэрыкІуари къыхигъэщащ. «Мейкъуапэ щхьэантІагъэр, къабзагъэр щытепщэ кІалэ дахэщ, и цІыхухэри гуапэ дыдэхэщ», - жиІащ Президентым.

МащІэу щІыр хъеящ

АБХЪАЗ. *Щыщхьэ Іум и 18-м сыхьэт 16-м деж Сыхьэмрэ Абхъазым и къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щыпсэухэмрэ щІыр зэрыхъеящ зыхащІащ.*

ЭКОЛОГИЕ къулыкъум и унафэщІ Дбра Роман зэрыжиІамкІэ, Рихтер и пщалъэмкІэ балли 3-м нэсу щІыр хъеящ, Къызэралъытэмкіэ, ар нэхъ лъагэу щыщытащ Куржым, Кутаиси кІалэм километр 44-кІэ пэІэщІэу.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

регъэувыІэ щыщхьэІум и 21 - 22 жэщым, Москва и зэман щыалъэмкІэ сыхьэт 01-м щыщІэдзауэ сыхьэтри 3 хъуху. АбыкІэ Сбербанкым щІыхухэм хъыбар ярегъащІэ щыІэ Іэмал псори кьигъэсэбэнуру.

Зи гугъу тщІы зэманым Сбербанкым и банкоматхэм ахъшэ ятынуц нэгъуэщІ банкхэм я картэкІэ, ауэ езым еймкІэ дэжьэнукъым. Ар къыхокІ процессинг центрым и программэ къызэгъэпэщыкІэр зэрахъуэжьынум.

Сбербанкыр щІольэІу а махуэхэм абы и банк картэхэр къамытъэсэбэнымэ, кредит Іуэхущапіэхэм хуаІэ Іуэхуэхэр нэхъ пасэу зэфІагъэкІыну.

Мы махуэхэм

Щыщхьэ Іум и 20, щэбэт

♦ **Венгрие Республикэм и къэрал гуфІэгъэщІ, пащтыхь щих Иштван и махуэр** - аращ Венгрие къэралыгъуэр къызэзыгъэпэщар.

♦ 1991 гъэм СССР-м къыхэкІри, Эстоншем и къэрал щхьэхуитыныгъэр зэфІигъэувэжащ.

♦ 1561 гъэм Урысей пащтыхь Грозный Иван щхьэгъусэ хуэхъуащ къэбэрдеипщ Идар Темрыкъуэ инхьу Гуащэнэ (Марие).

♦ 1964 гъэм Налшык къыщызэІуахащ Кэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубзхэм я Х зэхуэсыр.

Дунейм и щытыкІэнур: «meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкІэ, нобэ пшэрхьэ-текІуэ щытынущ, хуабэу махуэм градус 25-рэ, жэщым - градус 21-рэ щыІэнущ.

Щыщхьэ Іум и 21, тхьэмахуэ

♦ Щыщхьэ Іум и 21 - 27-хэм Стокгольм (Швецие) щызэхэтынущ псым и дунейпсо махуэ.

Дунейм и щытыкІэнур: «meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкІэ, пшэрхьэ-текІуэ щытынущ, хуабэу махуэм градус 26-рэ, жэщым - 19 щыІэнущ.

Щыщхьэ Іум и 22, блыщхьэ

♦ **Урысей Федерацэм и ныбжьыкІ и махуэр**

♦ **Коми Республикэм и махуэр**

♦ 1937 гъэм дунейм ехыжащ тхакІуэ цІэрыІуэхэу **КІыщокъуэхэ Рашидрэ Алимрэ я адэ Пщымахуэ.**

♦ 1959 гъэм Тэрч кІалэм къыщызэІуахащ налмэс заводыр.

Дунейм и щытыкІэнур: «meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкІэ, пшэрхьэ-текІуэ щытынущ, хуабэу махуэм градус 25-рэ, жэщым - градус 18 щыІэнущ.

ПІалъэнэрэ зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО Зарифэ.**

Урысейм и Сбербанкым и картэхэмкІэ сбербанкыкІ хъуну операцэ псори зэтІ

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Чэзу зимыІэ щыІэкъым.

■ ЗэІущІэхэр ■ Махуэгъэпс ■ Дифі догъэльэпІэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт Щэбэт къыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

Архив тхылъхэм я щэхухэр хэIущIыIу щIынымкIэ, ахэр хэIущIыIу щащIыну пIалъэр гъэIэпхъуэнымкIэ IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я республикэ эксперт комиссэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм шыщхьэIум и 4-м *№236-ПП*

«Къэрал щэхум и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Закон №5485-1-уэ 1993 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къыдэкIам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм «Архив тхылъхэр хэIущIыIу щIынымкIэ е хэIущIыIу щащIыну пIалъэр гъэIэпхъуэнымкIэ хабзэм и ухуэкIэм и IуэхукIэ» 2010 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м къыдигъэкIа Унафэ №214-ПП-м япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Архив тхылъхэр хэIущIыIу щIынымкIэ е хэIущIыIу щащIыну пIалъэхэр гъэIэпхъуэнымкIэ IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэдай республикэ эксперт комиссэ къызэгъэпэщын.

2. Унафэм щIыгъуу мыхэр къэщтэн:

Архив тхылъхэр хэIущIыIу щIынымкIэ е хэIущIыIу щащIыну пIалъэхэр гъэIэпхъуэнымкIэ IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэдай республикэ эксперт комиссэр зэрылэжьэну щIыкIэр;

Архив тхылъхэр хэIущIыIу щIынымкIэ е хэIущIыIу щащIыну пIалъэхэр гъэIэпхъуэнымкIэ IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэдай республикэ эксперт комиссэм хэтынухэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ГЕРТЕР Иван

Урысейм и жылапхъэгъэкIхэм я зэхуэс

ЗэIущIэхэр

ПРОХЛАДНЭ муниципальнэ районым хыхьэ Комсомольскэ къуажэм щыIэ «Отбор» инновацэ-производственнэ агрофирмэм шыщхьэIум и 25-м щрагъэкIуэкIынущ «Нартыху губгъуэм и махуэ-2011» зыфIаща зэIущIэр . Ар теухуащ а къэкIыгъэм, апхуэдэу сэхураным я селекцэхэмрэ я жылапхъэхэмрэ зэрагъэунэху щIыкIэм. IэщIагъэлIхэм я зэхыхьэм сыхьэти 9-м щIидзэнущ.

ЗэIущIэм хэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Рязань, Липецк, Тулэ областхэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ я министерствэхэм я унафэщIхэр, Урысеймрэ хамэ къэралхэмрэ я щIэныгъэ-къэхутакIуэ IуэхущIапIэхэм, Курыт, Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм жылапхъэхэм елэжь я ассоциацэхэм, мэкъумэш холдингхэм, предприятэхэм, организацэхэм я лIыкIуэхэр.

Абыхэм зыхагъэгъуэзэнущ бэвагъышхуэ къэзыт иджырей нартыху, сэхуран гибридхэр хэхауэ щагъэкI хьэсэхэм я щытыкIэм. Абыхэм зи гибридхэр щагъэунэху щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэм, хамэ къэрал фирмэхэм я IэщIагъэлIхэм жылапхъэхэм зэхуэдэнығъэрэ зэщхьэщыкIыныгъэу яIэхэр зэпкърахынущ. КъищынэмыщIауэ, «Отбор» ИПА-м вэн-сэным къыщигъэсэбэп, «губгъуэ - завод» Iэмалым тету нартыху жылапхъэр зэрыIуихыж я мэкъумэш техникэр ягъэлъэгъуэнущ.

Губгъуэм и махуэр Бахъсэн къалэм дэт СК Гибрид заводым щызэхуащIыжынущ. Абы къызэхуэсахэр щыхагъэгъуэзэнущ нартыхур кърахьэлIэжа нэужькIэ, зэрелэжь технологием.

Мы Iуэхур зи жэрдэм «Отбор» ИПА» ООО-м хуей псори семинарым ирегъэблагъэ. Фызэрыпсэлъэну телефонхэр: **886631-9-33-16 (факс)**, **8-963-280-05-88**, **otbor@mail.ru**.

Гу зылъытапхъэ:

«ОТБОР» инновацэ-производственнэ агрофирмэ» ООО-р 1991 гъэм и мэлыжьыхьым къызэрагъэпэщащ. ЩIэныгъэ-производственнэ мэкъумэш IуэхущIапIэщ, вапIэу гектар 2537-рэ бэджэнду иIыгъщ. Агрофирмэм и щIэныгъэ лэжьыгъэр зытеухуар нартыху гибридыщIэхэм я селекцэхэр къэгъэхъунырщ, хьэсэ хэхахэр зехьэнырщ, мэкъумэш къэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр гъэунэхунырщ, абыхэм я технологиехэр гъэбелджылынырщ. «Отбор» ИПА» ООО-м нартыху гибрид лIэужьыгъуих къыщагъэкIащ, ирагъэфIэкIуа жылапхъэ лъэпкъитIыр иджыпсту къэрал IэнатIэхэм щагъэунэху. Агрофирмэр Урысей Федерацэмрэ нэгъуэщI къэралхэмрэ я щIэныгъэ IуэхущIапIэ куэдым жыджэру ядолажьэ. Апхуэдэщ нартыхумкIэ Урысейпсо, мэкъумэш хозяйствэмкIэ Краснодар щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэр, Сербием и Нови Сад, Земун Поле къалэхэм мэкъумэш, хадэхэкI къэкIыгъэхэмкIэ, Украинэм гъавэ хозяйствэмкIэ я институтхэр. Агрофирмэр нартыху селекцэмкIэ Зэзыгъэу Iу советым, нартыхугъэкIхэмрэ жылапхъэгъэкIхэмрэ я Лъэпкъ ассоциацэм хэтщ. Гуэдз, хьэ, рапс, сэхуран, нартыху ещIэ, бжьыхьэсэ гуэдзым, сэхураным, нартыхум, бжьыхьэсэ рапсым я жылапхъэхэр къегъэкI.

ЛУПЫРЁВЭ Иринэ.

«Уи бэракъым вагъуэхэр къыхэлыдыкIмэ, уи гъащIэри апхуэдэу иренэху. Уи ныпым шабзэшэхэр тетмэ, сыт щыгъуи лIыгъэ зыхэгъэлъ», - апхуэдэу къыщIедзэ Нэгъаплъэ Аскэрбий и IэдакъэщIэкI «Адыгэ щIыналъэ. ХамэщI» («Черкесия. Чужбина») фильмыр. Адыгэхэм я фэеплъ махуэм Налшык япэу утыку къыщрахьа лэжьыгъэр Нэгъаплъэм и ещанэ теплъэгъуэщ ди лъэпкъым и блэкIамрэ и нобэмрэ ятеухуауэ.

Ар, пэж дыдэу, Нэгъаплъэщ

АДЫГЭ тхыдэр утыкушхуэ къипхьэн щхьэкIэ куэдым ущыгъуазэу ущытын, щIэныгъэ куу уиIэн хуейщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, лъэпкъыр зэрыщыIэрэ апхуэдэ гупыж мызэ-мытIэу ящIами, нэгъэсауэ къызэхъулIар мащIэ дыдэщ. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа цIыхухэм я гупсысэкIэр апхуэдизкIэ жыжьэу щызэбгъэдэкI къохъури, фIы уи гугъэу къэбгъэлъагъуэр нэгъуэщI зыгуэру къагурыIуэнкIэ шынагъуэщ. ИтIани адыгагъэм нэхърэ цIыху декIуэкIыкIэ нэхъыфI дэнэ къипхын?! Нэгъаплъэм и лэжьыгъэр зыхуэбгъадэ хъунухэм къазэрыщхьэщыкIри аращ: ар зыщIар адыгэщ.

Фильмыр Iыхьищу гуэшащ. Япэ Iыхьэм лъэпкъым и блэкIар уи пащхьэ кърелъхьэ. Тхыдэ щIэныгъэмрэ гъуазджэмрэ къагъэсэбэпурэ, IэкIуэлъакIуэу зэхалъхьащ сюжетыр. Ар, шэч хэмылъу, и фIыгъэщ сценарийм елэжьа адыгей щIэныгъэлI цIэрыIуэ Гъубжокъуэ Марат. Еплъым и нэгум щIэкI сурэтхэм я щIыбагъкIэ къыщыIу Борзунов Алексей и къеджэкIэр апхуэдизкIэ гум дохьэри, лъэпкъ хьэл тхуэхъуа «Ари мыадыгэу пIэрэ?» упщIэр къыпфIыдрехьей.

Теплъэгъуэр къызэIуех бостей хужьыбзэ щыгъэ гуфIэгъуэр и нэгум изу и къэкIуэну дахэм жэрыжэкIэ пежьа хъыджэбз цIыкIум. Хуэм-хуэмурэ абы и бостейр фIыцIэ мэхъу, и нэгум щIэлъ гуфIэр нэщхъеягъэм хуокIуэри, жыжьэу шынагъуэ гуэр къилъэгъуарэ зыгуэрым щыщтэу абы зыщихъумэн щхьэкIэ зричын хьэзырэ къыбгурыIуэжкъым. А теплъэгъуэ цIыкIумкIэ авторым зытепсэлъыхьым ухешэри, лъэпкъым и Iуэхур гужьеигъуэ, хэкIыпIэншэ зэрыхъуар зыхыуегъащIэ.

Адыгэм и тхыдэм и гугъу щащIым и деж, ар куэдрэ уи фIэщ мыхъу псалъэкIэ кърахьэжьэ. Абы и щхьэусыгъуэр Iуэхур къезыхьэжьэм езым игу илъыр къигъэнауэ, зэпсалъэм зыгуэр къыфIигъэщIыну иужь зэрихьэра къыщIэкIынщ. Нэгъаплъэм езым и гур игъэтIысын фIэкIа нэгъуэщI Iуэху зэримыхуа къыпфIощI, апхуэдизкIэ лей хэмылъу, псалъэхэри, макъамэри, цIыхухэри, уеблэмэ псэущхьэхэри я пIэ итыжу къегъэлъагъуэри. «УэДыгъэ! Зыри къэмыхъуа хуэдэ а махуэм уэ укъыщIэкIат!» ТхьэкIумэм иужэгъужа псалъэ гъущэхэр зыщIыпIэ къыщонэри, иджыри къэс гум къикIыпIэ зымыгъуэта, зыр адрейм и Iыхьэ дызыщIыж лъэпкъ гупсысэкIэм адыгэлъым и архъуанэм ухедзэ.

Адыгэхэм я лъэпкъ Iэпхъуэшхуэм щытепсэлъыхькIэ, тхыдэм и тегъэщIапIэ бжыгъэхэмрэ зэманымрэ утыку къохьэ. Ауэ жылэ псохэр Хэкум зэрикIа щIыкIэр экраным иубгъуа картэм и щIыIу щекIуэкIыу къэзыгъэлъэгъуам тхылъ томышхуэхэм яхузэфIэмыкIар къехъулIащ: тхыдэр цIыхупсэхэмкIэ зэрызэпыщIар наIуэ къищIащ.

Удэзыхьэхым щыщщ авторым и дзыхь къуигъэзу Iуэхум зэрелэжьар утыку къызэрырилъхьэри. Артистхэр къагъэсэбэпурэ, тхыдэм и напэкIуэцIхэр зэфIагъэувэжыну иужь щихьэм, Нэгъаплъэм и гупым зэуэ зыхащIащ абыхэм... зыри щIэуэ къагурыгъэIуэн зэрыхуэмейр. Езы артистхэми ИстамбылакIуэр къыздрахьэкI узыжьу къыщIэкIри, зэрыщымыт защIын хуэмейуэ къыщIэкIащ.

Уигу зыгъэзагъэр лъэпкъым щымыщ еплъми, ар узытемыукIытыхьын лэжьыгъэ зэрыхъуам и закъуэкъым. Нэгъаплъэм фильмым и налъэ цIыкIу къэс къып хепщэ езым адыгагъэм хилъагъуэ купщIэр. Презентацэр екIуэкIа къудейуэ Iуэхур интернетым къыщралъхьэжым, зи цIэр ямыщIэ щIалэ гуэрым мыпхуэдэу къритхащ: «Аскэрбий къызыхэкIа лъэпкъым хуэпэжщ. Ар, пэж дыдэу, Нэгъаплъэщ» жиIэри. Абы къиубыда къыщIэкIынщ мы фильмыр апхуэдэ лъагапIэ щIынэса щхьэусыгъуэр. Уэ уи фIэщ мыхъу адрейхэми я фIэщ пщIыфынукъым. Нэгъаплъэм и лэжьыгъэр къыщIехъулIар жиIэн иIэти аращ.

ЕтIуанэ Iыхьэр адыгэхэр дуней псом тегуэша зэрыхъуам нэхъ теухуащ. ЩIыналъэ здэIэпхъуахэм бий къатеуэмэ яхъумэу, щIыщIэхэр къаIэту, къэралыгъуэхэр яухуэу - зэи хуэмыхуакъым зи Хэку зыфIэкIуэда ди лъэпкъэгъухэр. Ахэр пэжу зэрыпсэуам и щыхьэтщ бийм къыхуамыгъэнэфу здрахауэ нобэми яхъумэ я хъугъуэфIыгъуэхэр хэщIыныгъэншэу къызэрынар.

Ар ещанэ Iыхьэм нэхъ къыхощ. ЗыщIыпIи къыщыпхуэмыщэхун адыгагъэр, вагъуэ пщыкIутIыр зыхэгъэтIысхьа нып удзыфэр, ар зи дамыгъэ лъэпкъым и фIэщхъуныгъэ узыншэр. А фIыгъуищыр егъэлеяуэ дахэу къыщыхэгъэщащ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ ятеухуа теплъэгъуэхэм.

Iуэху нэгъэсам и пэмрэ и кIэмрэ зэлъэIэсыжу, къежьапIэмрэ кIэухымрэ зэрыубыдыжу щытщ. ГъащIэмрэ лIэныгъэмрэ ещхьщ ар. Апхуэдэу фильмыр къызэIуех икIи зэхуещIыж КъурIэным щыщ сатыр закъуэм, лъэпкъхэм кIэ зэраIэм теухуам. Ар апхуэдэу екIуу къыхэпхыфын папщIэ, зы махуэкъым уегупсысын зэрыхуейр. Зы сатыр закъуэкIэ авторым Iуэхум зэрыбгъэдэтыпхъэр утыку кърилъхьащ: уи натIэ итым уфIэкIыфынукъым, къэхъуар къэхъуащ, ауэ лъэпкъ кIуэдыжауэ ущытыну ухуэмеймэ, пхузэфIэкI пщIэну уи къалэнщ. Нэгъаплъэм хузэфIэкIащ гукъеуэри гугъэри зы псалъэухакIэ зыхыдигъэщIэну. А гупсысэр щIегъэбыдэж фильмым и кIыхьагъкIэ Иорданым щекIуэкI адыгэ лъэпкъ зэхуэсым «Аль-Курси» Iэятым къеджэу мызэ-мытIэу сюжетым къыхыхьэж хъыджэбз цIыкIуми: «Хэт Абы и пащхьэ къыщыпщхьэщыжынур, Езым хуит имыщIауэ?» Нэгъаплъэм Тэтэрстаным щекIуэкIа «Золотой Минбар» муслъымэн кинофестивалым саугъэт щхьэхуэ къыщыхуагъэфэщауэ щытащ, мы фильмми абы и гъащIэр зытещIыхьа лъабжьэр ибзыщIыркъым.

Лэжьыгъэр зи IэдакъэщIэкIхэм я ехъулIэныгъэхэм яхыубжэ хъунущ нэгъуэщI зы теплъэгъуи. Ар зи псынщIагъыр къагъэувыIа кадрыращ, къафэм хэту Иорданым щыщ щIалэ цIыкIур къигъэлъагъуэу. «Мы къэфэкIэм зебгъэсэфынукъым, мыр къыбдалъхуу аращ, - жеIэ дикторым. - Иорданым къыщалъхуа мы щIалэ цIыкIум дэнэ щищIэр адыгэхэм я къэфэкIэр зэрыапхуэдэр, ар езыр-езыру и лъым хэмытмэ?» Къафэм фильмым увыпIэ щхьэхуэ щеубыд. Абы Аскэрбий къригъэIуэтащ хамэщI ис адыгэхэм яфIэкIуэдыж бзэм къыхуэмыIуатэр. Пэжщ, бзэр мэкIуэд, ауэ лъыр утхъуакъым. Аращ дэтхэнэ зы адыгэми адрейр къыщIицIыхужыр. Къафэм Iэпкълъэпкъ гъэхъеиным нэмыщI иджыри зыгуэр зэрыхэлъыр, абы зыгуэрым уригъэсэн хуейуэ гъуазджэм и къалэн пэж зэрыпкърытыр - аращ еплъым къыгурагъаIуэр.

Нэгъаплъэм и фильмым гулъытэшхуэ хуэфащэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы адыгэм и тхыдэр екIуу, хейуэ дунейм ехыжахэм яхуэфащэн пщIэ ягъуэту къигъэлъэгъуэфащ. Пщэдейрей махуэри гугъэ зыхуэпщI хъунухэм зэращыщри наIуэ къищIащ. Абы и щыхьэтщ дунейм и кIапэлъапэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ имыIэу къыщыбгъуэтыж, адыгэгу зыкIуэцIылъ цIыхухэр. Езым лъэпкъым хуиIэ гу къабзагъыр утыку къизыхьэфа Аскэрбий и интервьюхэм языхэзым наIуэ къыщещI и ехъулIэныгъэхэм я къежьапIэр: «Адыгэр псоми цIыху пхъашэу, утыку зэрихуэу сэшхуэр къизыпхъуэт зауэлI тамэкъкIэщIу къагъэлъагъуэ. Ар пэжкъым. УкIиину, уи макъым зебгъэIэтыну напэтехыу къилъытэу щытащ адыгэм игъащIэ лъандэрэ. Иджыпсту куэдым я щхьэ тралъхьэ хуабжьу псалъэурэ Iуэхур зэхагъэкIыныр. Адыгэмэ къудей къыпщIихьэркъым апхуэдэм деж. Япэм зы плъэкIэ, зы напIэ дэхьеигъуэ яхурикъуу щытащ цIыхур зрагъэдэIуэн щхьэкIэ. Ауэ уи плъэкIэм пщIэ иIэн папщIэ, абы илъэс бжыгъэ, лIэщIыгъуэ псо текIуэдэнкIи хъунущ».

Нэгъаплъэ Аскэрбий и псапэр убагъуи дэри абы дызыхуриджэ адыгагъэ узыншэм Тхьэм дыхимынкIэ.

ЖЭМЫХЪУЭ Марьянэ.

ШыщхьэIум и 21-р Урысейм и Хьэуа флотым и махуэщ

Гугъуехьхэр къызэранэкI

УФ-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1992 гъэм фокIадэм и 28-м къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, Урысейм и Хьэуа флотым и махуэр илъэс къэс шыщхьэIу мазэм и ещанэ тхьэмахуэ махуэм ди къэралым щагъэлъапIэ. Ар тращIыхьащ абы къыдекIуэкI хабзэ гъуэзэджэхэр хъумэным. Урысейм и Хьэуа флотым и зыужьыныгъэр къэралым и тхыдэм, экономикэм, щIэныгъэмрэ техникэмрэ ягъуэта лъагапIэхэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ. Япэ илъэситхум и кIэухым зэрызиужь псынщIагъкIэ, плIыщI гъэхэм я пэщIэдзэм хьэуа гъуэгуу зэпищIэм и кIыхьагъкIэ ди Хьэуа флотыр дуней псом щыпашэт. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм авиаторхэр зэхэуэ гуащIэхэм хэтащ, цIыхуу зы мелуанрэ щихрэ, фронтым папщIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ хьэлъэу тонн минищэхэр ягъэIэпхъуащ. 60 гъэхэм хьэуа гъуэгухэр зэпащIэрт Ту-114, ИЛ-18, Ту-124, Ту-104 кхъухьлъатэхэм. Абыхэм къакIэлъыкIуащ Ту-134, Ту-154, Як-40, Ил-62-хэр. Хьэуа флотым и тхыдэм Iуэхугъуэшхуэу хыхьауэ щытащ тIысыпIэ 350-рэ зиIэ Ил-86 кхъухьлъатэхэр къэгъэсэбэпын щыщIадза 1980 гъэр. Абыхэм СССР-у щыта къэралышхуэм и щIыпIэ псори зэлъагъэIэсырт.

Абы лъандэрэ дэкIа зэманым, 1993 гъэм дунейпсо статус зрата «Налшык» кхъухьлъэтапIэм (нобэ «Эльбрус-Авиа» ФГУП-м) хьарзынэу зиужьурэ къекIуэкIащ. Иужьрей илъэсхэм къалъыкъуэкIа гугъуехьхэм щытыкIэ хьэлъэм иригъэувами, ар къызэнэкIыным я къарур ирахьэлIэ. Абы и щыхьэтщ я махуэм лэжьыгъэфIыкIэ зэрыIущIэр. КъапщтэмэIэ, Як-42, CR-200 кхъухьлъатэхэмкIэ къэрал кIуэцIым щызокIуэ, махуэ къэс Мэзкуу мэлъатэ. Ахуэдэу Як-42-мкIэ Налшык, Истамбыл, Анталие (Тырку), Алеппэ (Сирие), Амман (Иордание) хьэуа гъуэгухэр зэпащIэ. Нэгъабэ цIыху 74774-рэ кърашэкIащ, хьэлъэу тонн 44-рэ ягъэIэпхъуащ. Илъэсым и япэ мазихым «Эльбрус-Авиа»-м и Iуэхутхьэбзэхэр цIыху 25451-м къагъэсэбэпащ, хьэлъэу тонн 20,5-рэ зэбграшащ.

КхъухьлъэтапIэм и лэжьыгъэр тэмэму къызэрагъэпэщ хьэуа гъуэгухэр зыубзыху Налшык центрымрэ «Прогресс» гъэсыныпхъэ игъэхъуапIэмрэ.

«Эльбрус-Авиа» ФГУП-м и IэнатIэхэр гуп зэкъуэтым зэрахьэ. Апхуэдэщ я махуэм лэжьыгъэфIыкIэ IущIэхэу инженер пэрыт Хьэщхъуэжь Муззэчыр, авиатехник Текуев Хъусей, кассир Гореликовэ Марие, аэродром службэм и унафэщI Литвинов Евгений, шофер КIэщт Хъусен, узыншагъэм щыкIэлъыплъ пунктым и фельдшер Алимовэ Любэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Iуащхьэмахуэ докI



Индонезием и хуитыныгъэм и махуэм и щIыхькIэ япэ азиат экспедицэ гупыр Европэм и щыгу нэхъ лъагэ Iуащхьэмахуэ дэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ а къэралым и президент Юдойонэ Сусилио и нэIэм щIэту.

АЛЬПИНИСТ гупым я пашэу щытащ зы лъакъуэ фIэкIа зымыIэт спортсмен Сабар. Iуащхьэмахуэ сыдэкIыну мурад сщIащ цIыху ныкъуэдыкъуэхэр, гугъуехьым емылъытауэ, гъащIэм дэрэжэгъуэ щаIэным тезгъэгушхуэн папщIэ», - жеIэ Сабар.

Индонезием къикIа гупыр Джылы-Су лагерым шыщхьэIум и 15-м щрагъэблэгъащ. Абыхэм ящIыгъуащ а къэралым и лIыкIуэхэу Москва щыIэхэр.

Посольствэм и етIуанэ секретарь Дайэнэ Энджай къызэрыхигъэщамкIэ, иужь илъэсхэм Iуащхьэмахуэ дэкIыну гукъыдэж зиIэ куэдым зыкъыхуагъэзэ. «Спортсмен-ныкъуэдыкъуэр Европэм и щыгу нэхъ лъагэм зэрыхуэпабгъэр гъэщIэгъуэн тщыхъуащ, икIи ар ди нэкIэ зэдгъэлъагъун папщIэ дыкъэкIуащ. Iуащхьэмахуэ лъапэ и щIыуэпсыр дахащэщ. Мыпхуэдэ лъагапIэм, а бгы хьэлэмэтхэм узыIэпызышэ я къарур дэ мызэ-мытIэу дгъэунэхуащ», - жиIащ абы.

Индонезием и щхьэхуитыныгъэм и махуэм, шыщхьэIум и 17-м, альпинистхэр Iуащхьэмахуэ щыгу дэкIри я къэрал ныпыр абы щагъэуващ.

ТАРИМ Алисэ,
Iуащхьэмахуэ куей администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм и секретарь.

90

Налшык и гуапагъэр зэи тщыгъупщэнкъым

АЗИЕ Курыт дзэ округым и командующэм и къуэдзэ генерал Деппуев Хаким теухуа документальнэ повестым сыщелэжьым, 1976 гъэм къыдэкIа «Музыкальная жизнь» журналым сыщрихьэлIащ а танкзехуэ цIэрыIуэм ехьэлIа тхыгъэм.

1941 гъэм шыщхьэIум икухэм Налшык къэкIуат Мэзкуу щыщ артист, макъамэтх, сурэтыщI, тхакIуэ, архитектор цIэрыIуэхэр зыхэт гупышхуэ. Зауэ зэман хьэлъэу щытми, купщIафIэу лэжьэн папщIэ, хьэщIэхэр зыхуей псомкIи къызэрагъэпэщащ. КъэкIуахэм ящIыгъут композитор Прокофьев Сергей.

Кавказым щызэфIигъэкIа лэжьыгъэхэм хигъэгъуазэу, 1942 гъэм гъатхэпэм и 23-м Держановский В. хуитха письмом абы къыщыхигъэщырт Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ лIыхъужьхэм ятеухуа уэрэдитI. Абыхэм тхыдэ гъэщIэгъуэн яIэщ. 1941 гъэм и бжьыхьэ махуэхэм ящыщ зым зауэм и япэ мазэхэм къытрадза тхыгъэ хэм хэплъэну, Прокофьев Сергей «Социалистическая Кабардино-Балкария» газетым и редакцэм кIуат. Абы и нэрху ээащ адыгэ щIалэ Таубэч К. балъкъэр Деппуев Хакимрэ зэрахьа лIыгъэм теухуа хъыбарым. Куэд дэмыкIыу Мэзкуу къикIа артистхэм я концертхэм ящыщ зым щыжаIащ «Къэбэрдейм и къуэ», «Танкзехуэм и тхьэрыIуэ» уэрэдхэр. «Къэбэрдейм и къуэ» уэрэдым и топымкIэ бийм и автомашинэ 50-м щIигъу зэхэзыкъута Таубэч К. (и цIэр къысхуэгъуэтыжакъым) и лIыгъэр щиIэтырт, «Танкзехуэм и тхьэрыIуэм» балъкъэр лъэпкъым щыщу иужькIэ япэу совет генерал хъуа Деппуев Хаким и хахуагъэр щигъафIэрт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ щхьэмыгъазэхэм ятеухуауэ Прокофьевым итха уэрэдхэр щIыпIэ радиомкIэ щагъэIуар жэпуэгъуэм и 19-рщ. Я хэкуэгъухэм иригушхуэу республикэм и цIыхухэр абыхэм дихьэхыу едаIуэрт.

Прокофьев Сергей Къэбэрдей-Балъкъэрым и макъамэ IуэрыIуатэ хъугъуэфIыгъуэхэм хуабжьу дихьэхат. «СурэтыщIымрэ зауэмрэ» зыфIища тхыгъэм абы игу къыщигъэкIыжырт КъБАССР-м и ЦIыхубэ Комиссархэм я Советым деж гъуазджэ IуэхухэмкIэ щыIэ управленэм и унафэщI Темыркъан Хьэту и псалъэхэр: «Дэ диIэщ зэкIэ зыми къимыгъэсэбэпа макъамэ хьэлэмэтхэр. Налшык ущыIэху абыхэм утхуелэжьатэмэ, а Iуэхум Къэбэрдей-Балъкъэрым гъунэ щиплъэнут».

Прокофьев Сергей мурад ищIащ струннэ квартетым папщIэ макъамэ итхыну. Абы папщIэ «Лъыжьхэм я удж», «Исльэмей» къафэхэр, «Сосрыкъуэ» уэрэдыр къигъэсэбэпащ. Композиторым лъэпкъ къафэхэм я гъэзэщIэкIэм, уэрэдхэм я жыIэкIэм, лъэпкъ макъамэ IэмэпсымэзэмылIэужьыгъуэхэм я зэщIэжьыуэкIэм щыгъуазэ зыхуищIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и дунейм, и щIыпIэ дахащэхэм хуабжьу дихьэхырт. Ар Iу ащхьэмахуэ лъапи, Безенги и къурш блын абрагъуэм и лъахэми щыIащ, абыхэм щилъэгъуахэр и макъамэхэм къыщигъэсэбэпащ. 1941 гъэм щэкIуэгъуэм и 2-м макъамэр Налшык щитхын щIидзэри, дыгъэгъазэм и 3-м Тбилиси щиухащ.

Дыгъэгъазэм и 10-м абы Темыркъан Хьэту хъыбар кърегъэщIащ: «Квартетыр хьэзырщ. Мясковскэр, Нечаевыр, Ламм сымэ едэIуати, арэзы техъуащ».

Прокофьевым Налшык щитха струннэ квартетыр япэу зыгъэзэщIар Бетховеным и цIэр зезыхьэ камернэ гуп цIэрыIуэрщ. Премьерэр 1942 гъэм фокIадэм и 5-м Мэзкуу консерваторэм и Пэш цIыкIум щызэхэтащ. ИужькIэ «Къэбэрдей» квартетыр къэралым и камернэ ансамбль нэхъыфI дыдэхэм я репертуархэм хагъэхьащ, «Мелодия» фирмэм ар зытет пластинкэ къыдигъэкIащ.

Мэзкуу щыщ композиторхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и IуэрыIуатэм зэрелэжьа щIыкIэр игу къигъэкIыжу, 1944 гъэм Мясковский Николай итхыгъащ: «Прокофьев Сергей и струннэ квартетыр гъэхуащ, адрейхэм куэдкIэ къащхьэщокI, узыIэпызышэщ икIи гъэщIэгъуэнщ».

Езы Мясковскэм абы щыгъуэ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я IуэрыIуатэр и лъабжьэу симфоние 23-рэ итхащ. Мэзкуудэсхэм я IэдакъэщIэкIхэм яIэ мыхьэнэм теухуауэ 1969 гъэм Кабалевский Дмитрий «Кабардино-Балкарская правда» газетым и корреспондентым жриIауэ щытащ: «Хэку зауэшхуэм и зэманым Налшык щыпсэуа урыс композиторхэр республикэм гуапэу щрагъэблэгъащ. Прокофьевым и ЕтIуанэ квартетымрэ Мясковскэм и 23-нэ симфониемрэ хуэдэхэр урыс композиторхэмрэ мы щIыналъэ телъыджэм щыпсэухэмрэ я зэныбжьэгъугъэм и щыхьэт гъуэзэджэщ».

Мэзкуу щыщ щэнхабзэм и адрей лэжьакIуэхэм ящIыгъуу щежьэжым Прокофьев Сергей Iэ щIидзащ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомымрэ республикэм и Правительствэмрэ яхуэгъэза фIыщIэ письмом. «Дэ, щэнхабзэм и лэжьакIуэ псоми, Налшык и гуапагъэр, хьэщIэкIэ фIы абы и унафэщIхэр, зауэ лъэхъэнэ хьэлъэм щхьэкIэ къэмынэу, гулъытэшхуэ къытхуэзыщIа Къэбэрдей-Балъкъэрым и парт организацэхэмрэ и Правительствэмрэ зэи тщыгъупщэнкъым, - итт а тхыгъэм.

ЗАНКИШИЕВ Хьусейн.

ПщIэр къызэралэжьыр цIыхугъэкIэщ

ДифI догъэлъапIэ

МЫ ТХЫГЪЭР сигу къэзыгъэкIар ди газетым жэуап зыхь и секретарь Гъурыжь Мадинэрэ сызытетхыхьынум и нысэ Жаннэрэщ. Зым и гъунэгъум, адрейм и гуащэм хэлъ цIыхугъэшхуэр жаIэ пэтми яхуэухыртэкъым. Сэ фIы дыдэу сцIыхурт зи гугъу ящIыр: дэ тIур зы хьэблэ дыдэсащ, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу дызэхуэзэу. Арагъэнщ нэхъри гуапэ щIысщыхъуар абы хужаIэ псалъэхэр...

Дызытепсэлъыхьыр Уэщхъун Екатеринэщ (псори, уеблэмэ иригъэджахэри хэту къызэреджэр Катящ). Къулъкъужын адыгэ къуажэжьым къыщалъхуащ. ЕгъэджакIуэ ныбжьыщIэу а куей дыдэм хыхьэ Куба къуажэм щыпсэу Уэщхъунхэ я унагъуэм ихьащ. И тхьэмадэ Музэфаррэ и гуащэ Наушэрэ илъэс куэд хъуауэ егъэджакIуэт, и щхьэгъусэ Борис IэщIагъэтI иIэт, и пщыкъуэ нэхъыжь Мухьэмэд колхозым и инженер-механикт, си классэгъуу щыта МуIэед Москва, и пщыпхъу Иринэ школым щеджэрт. КIэщIу жыпIэмэ, щIэныгъэр щытепщэ, пщIэ зыхуащI унагъуэт.

Катя и къуэлылъху-пхъурылъхухэм яхэту.

Сызэрысабийрэ а унагъуэм быдэу пыщIауэ къэгъуэгурыкIуэ сэ занщIэу гу лъыстащ, игъащIэкIэ яхэсам хуэдэу, Катя зэуэ зэрахэзэгъам. Апхуэдэ дыдэуи псынщIэу хэзэгъащ лэжьэн щы- гъадзэ урысыбзэмрэ урыс литературэмрэ кууэ зэрыщыкIым, и щIэныгъэр IэкIуэлъакIуэу ныбжьыщIэхэм зэрабгъэдилъхьэфым, езым и хьэлкIи зэрыкъаугъэншэм.

ФIы къэзылъыхъуэр фIы хуозэ, жаIэ. Сэ къызолъытэ ар мы бзылъхугъэм и деж щынэрылъагъуу. Катя и щхьэгъусэ Борис нэхъ цIыху [illegible] хуабжьу цIыху гумащIэт Катя, и щхьэгъусэр, и бынхэр зыхуей зэрыхуигъэзэным яужь итт. Апхуэдэ адэ-анэ зыщхьэщыт япхъухэмрэ я къуэмрэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, къэтэджащ хабзэ дахэ яхэлъу.

Иджыри къэс зэхызох Катя и лэжьэкIам теухуауэ къуажэм щыжаIэ псалъэ гуапэхэр. [illegible] дэртэкъым. ЯжриIэ зэпытт: «Дэнэ фыщIэтIысхьэнуми, ар еджапIэ нэхъыщхьэуи е техникумуи ирехъу, урысыбзэкIэ экзамен фIахынущ. Абы фыкъилъэхъэнкIэ хъунущ, нэгъуэщI дерсхэм кууэ хэфщIыкIми. Апхуэдэ къэмыхъун папщIэ, къыфхуэнэр зыщ: щыуагъэншэу урысыбзэкIэ фытхыфу, псалъэухазэр гурыIуэгъуэу икIи купщIэ иIэу фузэвгъэсэфынщ. Фегугъумэ, ар фэ къывэхъулIэнущ».

«Сэри си ныбжьэгъухэми ди дежкIэ хуабжьу гукъинэжу щытащ Уэщхъун Екатеринэ, Жэмалдин и пхъум и дерсхэр. ЦIыхугъэ и лъэныкъуэкIи, щIэныгъэ и лъэныкъуэкIи, - жеIэ си къуажэгъу икIи си лэжьэгъу ПхытIыкI (ДыщэкI) Соня, - абы и ущиехэр дэ тщыщ дэтхэнэ зыми гъащIэм зыгуэркIэ нэхъ мыхъуми щIэгъэкъуэн къыщытхуэхъуащ».

Соня и псалъэхэм арэзы тохъуэ мы бзылъхугъэм иригъэджахэр. Езыр зэрыегъэджакIуэ Iэзэм гу лъатащ ищхьэкIэ щыIэхэми - ар илъэс зыкъомкIэ курыт школым и унафэщIым и къуэдзэу лэжьащ.

АрщхьэкIэ, псори узэрыхуейуэ хъурэ? Ипхъухэр яша, я щIалэ закъуэм къиша нэужь, Катя унэм къыщIэнащ, и щхьэгъусэ Борис дунейм ехыжри. И къуэр щылажьэр Налшык къалэрати, Катя Куба къыдэкIыу Налшык къэIэпхъуэн хуей хъуащ. Иджы яхэсщ и къуэрылъхухэм, и пхъурылъхухэри къыхуэкIуэ зэпытщ. Абыхэм зыхалъхьэ щыIэкъым я нанэр. Аращ, зэгуэр хэпса жылэр, щIыгулъ игъуэтмэ, дэгъуэу къокI.

Къыщалъхуа махуэмкIэ ехъуэхъун папщIэ Катя и унагъуэм нобэ щызэхыхьэнущ и Iыхьлыхэр, гъунэгъухэр, ныбжьэгъухэр. Сэри си гуапэщ а махуэм сыкъыхэхуэну, гупсысэм сехъуэхъуну.

ШАЛ Мухьэмэд.

Тыншу укъоджэ

Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ усакIуэ Брат Мурат и усэхэр зэ еплъыгъуэкIэ мыгурыIуэгъуащэу къыпфIэщIыныр зыхуэIуа щыIэкъым. Ауэ гупсэхуу ущIэджыкIмэ, нэрылъагъу мэхъу ахэр гупсысэ куу зыщIэлъ Iу эх угъуэшхуэхэм я теплъэгъуэ къудейуэ зэрыщытыр икIи гукIи псэкIи зыхэпщIэу къызэрыппкърыхьэр, зэчий ин зэрахэлъыр. Ар къыбгурыIуа нэужь, Мурат и усэхэм тыншу икIи удахьэхыу укъеджэнущ. Апхуэдэу тхэфынур цIыхум Алыхьым къыбгъэдилъхьэ зэфIэкI ин зиIэ усакIуэрщ.

Братым и усыгъэр зы къупхъэ убзыхуа гуэрым пхуигъэзэгъэнукъым, абы гурыщIэ ин хэлъщ. Мурат и усэхэр, курыт лIэщIыгъуэхэм щыIа архитектурэм ещхьу, зэдыщIэкIыу зы жыпхъэм теткъым. Ахэр зэхуэмыдэхэщ икIи языныкъуэхэм деж быркъуэшыркъуафэ иуплъынкIи хъунущ. А усэхэр зэм толъкъуну къызэрылъэлъми, зэм Iэдэбу йокIуэкI, гупсысэ къаIэтымкIэ хуэм урэ тхылъе джэр зыщIашэу. Уеблэмэ, сытегушху эфынущ я фащэ къэлъыхъуэкIэкIэ, гупсысэ къыщIагъалъэкIэ ахэр Бродский Иосиф и тхыгъэ нэхъыфIхэм езгъэпщэну. Братым и усэхэм къат зэхуэмыдэхэурэ зэтежыхьа къырым и фэ изоплъ. И ныбжькIэ иджыри щIалэми, Брат Мурат и усыгъэм хыболъагъуэ гъащIэм зыщыIуууэ, щильагъ у Iуэ хугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр усакIуэм бзэ гурыIуэгъуэкIэ къызэриIуэтэфыр.

ШЫД Юрэ,
КъШР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Урысей Федерацэм и ТхакIуэх эм я зэгухьэныгъэм хэт.

БРАТ Мурат

Хъуэрыбзэ Iэрамэ

1

Кхъэм ит жыгхэр щыгъагъэм
Ди хапIэжьымкIэ сыблокI,
Ди хьэжьым и псэ къугъыр
ХьэдрыхэкIэ къогъыкI.

2

Дэпыр мэпIэнкIыр,
МафIэ бзийуэ мэлыдыж,
МафIэу IэщIэкIыр
Сахуэу жьыбгъэм есеиж.

3

ФIамыщI фIыцIэжьым жи,
Дзыгъуэ цIыкIум зыхигъэпщкIуащ жи,
Сабэ щабэ хуабэм жи,
Шэмэ къыхех жи…
Си къуэм и сабиигъуэр йокI.

4

Си щхьэм сыщыужмэ,
КъуэгъэнапIэ зызощIри,
АдыгэбзэкIэ сепсалъэурэ
Си ныбжьым зызогъэщIыр.

5

Тхьэмпэ цIынэр
Мывэм кIэропщIэ IэпапIэу,
Хьэр дыгъужьым йобэныр,
Псыдзэм здихькъым губампIэр.

6

И лъащIэ щIыхур уафэм
Iэгу нэщIым хуэдэу джафэщ.
Нэпс зимыIэж фызыжьым
И гъын къакIуэу и нэхэр еуфэ.

7

Уафэр зэщIащтащи вагъуэ упIэрапIэм,
Си псэр сохъумэ ерыщу,
Ауэ си нэхэр зэрызэтеспIэ у,
ЩIыбощдзэ жыр абыхэм уакъещэу.

8

Анэдэлъху накъыгъэу
Гу эдз хьэсэр уфафэу мэгъагъэ.
Дунейм и къежьапIэмрэ кIэухымрэ
я зэхуакуу
Бзухэмрэ сэрэ дыщIэсщ жыг
жьауэ щIагъым.

9

Лъэпкъым губампIэу игъэвыр
Ди плIэм илъу абрэмывэ у,
Зым Iэпихыжурэ адрейм
Iуащхьэмахуэ щыгу дыдохьей.

10

Сыдоплъейри - вындыжь,
Соплъыхыжри - хъумпIэцIэдж.
Сотэджри - губампIэ,
Согъуэлъыжри - жеиншэным
жэщ иужэгъуар…
Ди псэхэр хэт зыдыгъуар?

11

ШыкIэпшынэм игъэIу гъыбзэ макъым
Къреш гуэзвэгъуэр гъуэмбым.
ФIэкъузыкIащи и щхьэпсыр тэмакъым,
Соплъэж си Iэгу нэщI ибэм.

12

ПкIауэ цIыкIур щIэзупскIэурэ
Сэ IэфIу сыщIожеикI.
Мазэ изыр къытхуеплъэкIыурэ
АуанышIу къыпогуфIыкI.
Лэу-лэу-лэу.

13

Уэгум къеплъых мазэгъуэм
УзыIэпешэ и зэ Iуплъэгъ уэм.
Дунейм щыпсэуауэ хъуам
Я нэхэр абы тыболъагъуэ.

14

Хьэ къэушам, къыщылъэту,
Гъатхэр къыщригъэблагъэкIэ,
Бзур псынщIэу пабжьэм холъэтри,
Едытэж уафэ зэкIэщIэкIыр.

Уи цIэр изоIуэ

ИзоIуэ уи цIэр изоIуэ, уи цIэр сэ изоIуэ!
Уэращ си нэпс еху эхыу мывэм енапауэр,
МафIэсым пэрылъатэ псэм и бауэр.
ИзоIуэ уи цIэр изоIуэ, уи цIэр сэ изоIуэ!

ИзоIуэ уи цIэр, уи цIэр сэ изоIуэ!
Щогъуалъхьэ джэрпэджэжым и бзу
абгъуэм щымыр,
Дыхьэшх къэпIэнкIыу бзэхыжам
и гъуэбжэгъуэщыр,
ИзоIуэ уи цIэр, уи цIэр сэ изоIуэ!

ИзоIуэ уи цIэр, уи цIэр сэ изоIуэ!
Уи дамэ х ужьхэм я макъамэр сэ си махуэщ,
Уи набдзэ жьыбгъэм и губжь къепщэри
сэрмахуэщ,
ИзоIуэ уи цIэр, уи цIэр сэ изоIуэ!

ИзоIуэ уи цIэр, уи цIэр сэ изоIуэ!
Апхуэдэщ гъуэгурыкIуэ ешам и зекIуэкIэр,
Апхуэдэщ бжьыхьэм жыг тIэщIам
и псы хэплъэкIэр.
ИзоIуэ уи цIэр, уи цIэр сэ изоIуэ!

ИзоIуэ уи цIэр, уи цIэр сэ изоIуэ!
Уэ уи псэр си псэм пэплъэ урэ мэзэшыр!
Сэ си псэр уи псэм пэплъэурэ мэзэшыр!
ИзоIуэ уи цIэр, уи цIэр сэ изоIуэ!

* * *

- Нанэ, нанэ, сабий гъы макъ зэхызох!
- Жьыбгъэр мэв ури аращ, нану, жей.
- Нанэ, нанэ. Ди куэбжэм хьэдагъэ
къыдохьэ!
- Ди хьэр мэкъ угъри аращ, нану, жей.
- Нанэ, нанэ, ди бжэм зыгуэрхэр
къотIыркъ!
- Адыгэ гукъэкI тIысыпIэншэм
къекIухьри аращ, нану, жей.
- Нанэ, нанэ, си пIэщхьагъыр зыгуэрхэм
къауфэрэзыхь!
- Лъэпкъ лъапсэрыхым ихьахэр
ЩIэупщIакIуэ къэкIуахэщи аращ.
Ахэр дыдейщ, нану, жей.

* * *

Тхьэ пхузоIуэ уи Iэпэ хэр си Iэзэгъуэ у,
Уи бахэм узыр тыншу ягъэхъуж.
Гъэгъа удз щабэ хэм ныжэбэ ягъэщIагъу эу,
Ди IэплIэхэм я хуабэр зэдгъэхъуэж.

Уи нэ фIыцIэхэр жыжьэу
къыщогъэтIыгъуэ,
Псэм зимыгъэнщIу дыгъэу укъолыд.
СыплъэмыIэсми, нэкIэ сынодыгъуэ,
Псэ схузыр ерыщу гугъапIэм пэрытщ.

Жэщ къыстехъуащи, плъыру сыныппоплъэ,
Вагъуэ пхыдзахэм хьэршыр ягъэгыз.
МафIэ лыгъейуэ, еплъ,
сыкъызэщIоплъэ -
Узыгъуэ гуэрх эр, къаплъэт, къызо уз.

Тхьэ пхузоIуэ уи Iупэ хэр си Iэзэгъуэ у!
Уи бахэм узыр тыншу ягъэхъуж!
Си узым дызэреджэр лъагъуныгъэщ,
ТIэкIу къызэIэзи, кхъыIэ, сыгъэхъуж.

2011 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м Адыгэ къэралыгъуэм и япэ хабзэгъэув IуэхущIапIэр - Шэрджэс Щхьэхуитхэм я Меджлисыр - къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 150-рэ зэрырикъум теухуауэ Урысей Федерацэм и адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэIущIэу Сочэ къалэ щекIуэкIам хэтахэм КъБР-м и Парламентым, КъШР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым), АР-м и Къэрал Советым - Хасэм, Краснодар щIыналъэм и Хабзэгъэув ЗэIущIэм, Урысейми хамэ къэралхэми щыIэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм

ЗЭРЫЗЫХУАГЪАЗЭ

2011 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м (япэм щыIа махуэгъэпсымкIэ мэкъуауэгъуэм и 13-м) илъэси 150-рэ ирикъуащ адыгэ лъэпкъым Меджлисыр - Адыгэ лъэпкъ хасэшхуэр - къызэрызэригъэпэщрэ. Ар адыгэ лъэпкъ псом дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ.

Абазэхэхэм, шапсыгъхэм, убыххэм я жэрдэмкIэ, Сочэ псы Iуфэм деж щекIуэкIа зэIущIэм ирагъэблэгъат адыгэ лIакъуэ псоми я лIыкIуэхэр. Шэрджэс къэралыгъуэм и Меджлисыр лэжьащ Кавказ зауэр иухыху икIи тхыдэм къыхэнащ Шэрджэс щхьэхуитым и япэ Парламентрэ Правительствэу. А Шэрджэс къэралыгъуэ щхьэхуитым, Меджлисым, и унафэщIу щытащ Бэрзэдж Джырандыкъуэ.

Кавказ зауэр щекIуэкI лъэхъэнэм къызэрагъэпэща Меджлисым адыгэ лъэпкъхэр демократиемрэ зэчэнджэщымрэ я лъабжьэу зэгуигъэхьэри, цIыхубэм и гурыщIэр къиIуатэу къару псори хуиунэтIащ Шэрджэс къэралыгъуэм и хуитыныгъэр хъумэным. Адыгэ лъэпкъхэм илъэсипщI бжыгъэкIэ къалъыхъуат лIакъуэхэр зэкъуэгъэувэ, зы унафэм щIэгъэувэ зэрыхъуну щIыкIэр.

Меджлисым а лъэхъэнэм зыхуигъэувыжауэ щыта къалэнхэр хуэмыгъэзэщIа пэтми, аращ адыгэхэм Iэмал къезытар дуней псом я псалъэ щагъэIуну, дуней псом къыщцызэдащта хабзэхэм тету псэухэм ящыщ зы хъуну зэрыхуейм щIэлъэIуну.

XIX лIэщIыгъуэм тхыдэм игъуэта къэгъэшыпIэ гугъухэм адыгэхэр дуней псом трипхъащ, хьэзабыр яригъэшэчу. Ауэ адыгэ лъэпкъым къару къылъыкъуэкIащ и щхьэр ихъумэжыну. Абы нобэ и къэралыгъуэ иIэжщ Урысей Федерацэм хэту. КъищынэмыщIауэ, хамэщIхэм щопсэу къаруушхуэ зыгъуэта, зэрыубыдыжа адыгэ хэхэсхэр.

ИтIани, дуней псом адыгэу тетхэр къызэрыхута щытыкIэм къегъэув ахэр щыпсэу къэралхэм политикэм, псэукIэм, щэнхабзэм, бзэм, цIыхум иIэ хуитыныгъэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр икIэщIыпIэкIэ щалэжьын хуейуэ.

Абы къыхэкIыу дэ, Урысейм и адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм, захудогъазэ:

Адыгэ Республикэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм, Краснодар щIыналъэм я Парламентхэм - Кавказ зауэжьым адыгэхэм къахуихьа мыгъуагъэр гъэзэкIуэжыным хуэунэтIа федеральнэ программэ Урысейм къищтэным и жэрдэмщIакIуэу къэувыну;

Урысей Федерацэми хамэ къэралхэми щыпсэу адыгэхэр зэпызыщIэ хъыбарегъащIэ, щэнхабзэ IэнатIэхэр къыхузэрагъэпэщыну;

зи хэку къэзыгъэзэж адыгэхэм я псэукIэр, къызыхыхьэжахэм нэхъ тыншу зыхагъэзэгъэжыныр къэхузэзыгъэпэщ хабзэхэр къэралым къыщащтэну;

зи щIыналъэ щыпсэуж лъэпкъхэм дуней псом щаIэ хуитыныгъэхэм япкъ иткIэ, адыгэхэм я социально-экономикэ, политикэ, щэнхабзэ, бзэ хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ къызэгъэпэща хъун хуэдэу, щIыналъэхэм я программэ зэгъэуIуа ягъэхьэзырыну;

адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэр, тхыдэр хъумэным хуэунэтIауэ, щэнхабзэ, тхыдэ, этнографие Iуэхугъуэхэр сыт и лъэныкъуэкIи даIыгъыну;

Краснодар крайм и Хабзэгъэув ЗэIущIэм адыгэхэр крайр зи щIыналъэ лъэпкъыу къилъытэну, абыхэм я псэукIэмрэ щэнхабзэмрэ заужьыным сыт и лъэныкъуэкIи щIэгъэкъуэн хуэхъуну.

Урысей Федерацэм щыIэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ псоми захудогъазэ икIи ахэр къыхудоджэ:

адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэ, псэкупсэ щIэиныр егугъуу хъумэным икIи гъэбэгъуэным;

Урысей Федерацэми хамэ къэралхэми щыпсэу адыгэхэр псэкIэ зэшэлIэным, зэрыгъэубыдыным;

хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я бзэмрэ щэнхабзэмрэ яхъумэжыным зэщIэгъэуIуауэ хущIэкъуным;

хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм ди хэкужьым хуаIэ экономикэ, политикэ, щэнхабзэ пыщIэныгъэхэр гъэбыдэным, абыхэм Урысей Федерацэм къагъэзэжынымкIэ сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъуным.

Сочэ къалэ, 2011 гъэ, мэкъуауэгъуэм и 25.

● Спорт

БэнэкIэ хуит

Махуэ Билал дунейпсо зэпеуэм макIуэ

ФокIадэм и 12-м щыщIэдз ауэ Истамбыл бэнэкIэ хуитымкIэ щекIуэкIыну дунейпсо чемпионатым хэтынухэр Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам и тренерхэм яубзыхуащ. Апхуэдэ дзыхь зрагъэзахэм, дауи, ящыщщ Махуэ Билал.

БЭНЭКIЭ хуитымкIэ Махуэ Билал къыпэлъэщын дуней псом иджыпсту теткъым. Абы и щыхьэтщ бэнакIуэ нэхъ хьэлъэ дыдэхэм (килограмми 120-м щIигъухэм) я зэпеуэм 2007, 2009, 2010 гъэхэм щытекIуэу ар щэнейрэ дунейпсо чемпион зэрыхъуар. Псом хуэмыдэу гукъинэжт икIи дэрэжэгъуэ ин къызыпэкIуащ иужьрей ехъулIэныгъэр - финалым абы щыхигъэщIащ 2004, 2008 гъэхэм я Олимп чемпион, 2000 гъэм Олимп Джэгухэм дыжьын медаль къыщызыхьа, дуней псом тIэунейрэ и чемпион, Узбекистаным и лIыкIуэ Таймазов Артур. Абы къыхэкIыу, Махуэ Билал Урысей Федерацэм и спортсмен нэхъыфIу нэгъабэ и фокIадэ мазэм къалъытащ.

НэхъапэжкIэ Махуэр дунейпсо чемпион ныбжьыщIэхэм я деж 2005, 2006 гъэхэм щыхъуащ. Балигъхэм я зэхьэзэхуэм Европэмрэ къэралымрэ мызэ-мытIэу щытекIуащ.

Тыркум щекIуэкIыну дунейпсо зэпеуэм Билал ерыщу зыхуигъэхьэзыращ. Ар хущIэкъунущ аргуэру псоми ятекIуэну икIи етIанэгъэ Лондон щекIуэкIыну Олимпиадэм хуэзышэ гъуэгур нэхъ кIэщIыж ищIыну.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Теннис

«Кавказым мамырыгъэ щыIэн папщIэ»

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и саугъэтыр къэхьыным теухуа Futures Lermontov - CUP теннисымкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэ апхуэдэ фIэщыгъэм щIэту шыщхьэIум и 22-28-хэм Ставрополь крайм хыхьэ Лермонтов къалэм иджы япэу щекIуэкIынущ.

ЩIЫНАЛЪЭМ дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхугъуэр щызэхэтыну СабийныбжьыщIэ спорт школыр дунейпсо мардэм къигъэувхэм тету къызэрагъэпэщащ.

Зэпеуэхэм кърихьэлIэнущ къэрал 23-м я теннисист 32-рэ. КъэкIуэнухэм ящыщщ Бельгием, Бразилием, Германием, Алыджым, Испанием, Италием, Индием, Тыркум, Франджым, Португалием, Японием я спортсменхэр. ТеннисымкIэ апхуэдэ зэхьэзэхуэ инхэр Урысейм нэхъапэм щрагъэкIуэкIыу щытар Москва, Санкт-Петербург, Сочэ къалэхэрщ.

Зи гугъу тщIа зэпеуэр ТеннисымкIэ дунейпсо федерацэм цIыхухъухэм папщIэ къызэригъэпэщ зэхьэзэхуэхэм хеубыдэ. Ахэр 1993 гъэм къыщыщIэдзауэ ирагъэкIуэкI икIи дунейпсо зэпеуэхэм я щIэдзапIэу щытщ.

Ставрополь крайм щыIэну зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщакIуэщ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и аппаратыр, Урысейм теннисымкIэ и федерацэр, Лермонтов къалэм и администрацэр. АрщхьэкIэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр зэгъэщIылIар крайм Спортым зыщегъэужьынымкIэ фондырщ. Аращ зэпеуэм и Iэтащхьэу Фондым и президент, УФ-м физическэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Ващенкэ Виктор щIагъэувар.

УАРДЭ Жантий.

● Прохладнэ куей

Щэнхабзэм зрегъэубгъу

Прохладнэ къалэм и «Росичи» цIыхубэ уэрэджыIакIуэ ансамблыр мы гъэм ещанэу хэтщ илъэс къэс ирагъэкIуэкI Славян щэнхабзэм и дунейпсо фестивалым. Зэхыхьэр шыщхьэIум и 4-7 махуэхэм щызэхэтащ Краснодар крайм и Славянскэ районым.

АНСАМБЛЫМ и унафэщI Гусевэ Людмилэ зэрыжиIэмкIэ, фестивалыр къызэзыгъэпэщхэм ар ирагъэфIакIуэ, зрагъэубгъу. Абы и щыхьэтщ япэу ирагъэкIуэкIа фестивалым цIыху 250-рэ хэтамэ, еянэм цIыху миным щIигъу зэрызэхуишэсар. КъищынэмыщIауэ, уэрэджыIакIуэхэми къахохъуэ. Псалъэм папщIэ, мыгъэрей фестивалыр щIэщыгъуэ ящIащ Тыркум, Алыджым, Кипрым къикIа хьэщIэхэм. Фестивалым и къалэн нэхъыщхьэр - лъэпкъ щэнхабзэм нэхъыбэ къызэщIегъэубыдэнырщ, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэм я зэхуакум гуапагъэ дэлъхьэнырщ.

«Росичи» ансамблыр а фестивалым зэкIэлъыкIуэу мы гъэм ещанэу ирагъэблагъэ, - къыхигъэщащ Гусевэм. - Ди лэжьыгъэр ягу зэрынэсым икIи нэхъыфIхэм дызэрыхабжэм дегъэгуфIэ икIи дегъэгушхуэ.

Фестивалым и къэпщытакIуэ гупым и унафэщI, болгар уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, Урысейм и цIыхубэ артист Киров Бисер «Росичи» ансамблыр Болгарием иригъэблэгъащ.

Славян щэнхабзэм и еянэ дунейпсо фестивалым «Росичи» гупыр кIуэн папщIэ мылъкукIэ дэIэпыкъуащ Прохладнэ куейм щыщ хьэрычэтыщIэхэу Марков Вячеслав, Хъутат Хьэсэн, Можгин Владислав сымэ.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

«Лэгъупыкъум» и хьэщIэхэр

Сабийхэм я зыгъэпсэхупIэ-узыншагъэм щыкIэлъыплъ «Лэгъупыкъу» центрым щыIэхэм иджыблагъэ яхуэзащ «Днипро» украин лъэпкъ щэнхабзэ IуэхущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьакIуэхэу Сидоровэ Тамарэрэ Стаценкэ Людмилэрэ.

ЗЭIУЩIЭР къызэригъэпэщат КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ и министерствэм.

Сидоровэ Тамарэрэ Стаценкэ Людмилэрэ зызыгъэпсэхухэм яхутепсэлъыхьащ Украинэм, абы и тхыдэм, щэнхабзэм, украин лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэм. Сабийхэм ирагъэлъэгъуащ лъэпкъ фащэхэр, дамыгъэхэр, тхылъ гъэщIэгъуэнхэр.

ЗэIущIэр зэхуащIыжащ украин цIыхубэ уэрэдхэмкIэ.

БЛИЙ Даянэ.

● Ди журналхэм я зи чэзу къыдэкIыгъуэхэр

«Нур»



Сабийхэм папщIэ къыдэкI «Нур» журналым мы гъэм и ебланэ тхылъыр дунейм къытехьащ.

«ЛЪЭПКЪЫМи цIыху гъуэзэджэ» псалъащхьэм щIэту журналым къытридзащ ди композитор нэхъыжь, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист, Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэр РеспубликэмикIэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Хэку зауэшхуэм хэта Къардэн Хьэсэн и сурэт. АдэкIэ Елгъэр Кашиф и «Iущ хъуащ» рассказым нэIуасэ фыхуищIынщ еджакIуэ цIыкIу Суфэ тэмэму зэремыджэм, «тIу» къызэрихьам папщIэ и адэр зримыгъэшхыдэн щхьэкIэ абы пцIы зэрыхуипсым, ауэ «пцIым лъакъуэ щIэткъым» жыхуаIэрати, Суфэ и пцIыр къызэрыщIэщым, пцIы зэриупсам икъукIэ зэрыхущIегъуэжым икIи дяпэкIэ зэи апхуэдэу имыщIэну мурад быдэ зэрищIым. Журналым щIэх-щIэхыурэ къытохуэ ди IуэрыIуатэм щыщ тхыгъэхэр. Мы къыдэкIыгъуэми тетщ IуэрыIуатэм къыхахыжа «Пхъэр мэхасэ», «Къепс, къепс, дыгъэ», «Уашхэ» усэ дахэхэр.

«Сабий гъэфIэнхэр» псалъащхьэм щIэту журналым къытрадзащ «Нурым» тет тхыгъэхэм дихьэхыу еджэ цIыкIухэм я сурэтхэр. Хъуэжэ и хъыбар гъэщIэгъуэнхэм ящыщ зым щыгъуазэ фищIынщ Джэдгъэф Аслъэмырзэ итхыжа «Пури зэгъусэу» тхыгъэ цIыкIум. Апхуэдэуи журналым къыщывгъуэтынщ сабийхэм я жыIэгъуэ шэрыуэхэр.

«ФщIэуэ пIэрэ?» псалъащхьэм щIэту къытрадза тхыгъэм щыгъуазэ фищIынщ дэтхэнэ Iэпхъуамбэм сыт хуэдэу еджэми. Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я зэфIэкIым щыхагъахъуэ унэм и «Элегант» студием кIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм, абыхэм уагъэ дахэхэр зэращIыфым топсэлъыхь Таз ФатIимэ и тхыгъэр. Апхуэдэуи мыбдежым итщ цIыкIухэмрэ абыхэм я IэдакъэщIэкIхэмрэ траха сурэтхэр.

Журналым къытридзащ шхыныгъуэхэм халъхьэ къэкIыгъэхэр уэзыгъэцIыху сурэтхэр, псалъэзэблэдз, цIыкIухэм езыхэм ялэжьын папщIэ сурэт.

«Iуащхьэмахуэ»



Журналым мы гъэм и ещанэ къыдэкIыгъуэр къызэIуех Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Джэду псыф» повестым щыщ пычыгъуэхэмкIэ. АдэкIэ фыкъыщеджэнщ Елгъэр Кашиф и «ЛъыщIэжыкIэ, е ТхьэщIэпскIэ зыгъэкъэбзэжыкIэ?» рассказым, Къэрмокъуэ Хьэмид итхыжа хъыбархэм, Къалмыкъ Аднан и «ГукъэкIыжхэм», Мыз Ахьмэд и «Епэрымэ» рассказымрэ Айтэч и «Уи къуэм къебгъэшэнумэ…», «Адыгагъэ», «Укъэсыжащ, Хьэцу…» рассказхэмрэ.

«ЖЬАНТIЭ» псалъащхьэм щIэту къытрадзащ тхакIуэ, драматург Дудар Хьэутий тхухауэ КъБКъУ-м и доцент Абазэ Албэч игъэхьэзыра «Куэдым хуэIээт» тхыгъэр. Апхуэдэуи тетщ Дударым и «Дадэхьан», «Дэлъху» гушыIэ рассказхэр. «Зы чысэ хъуамэ ди псэр илъ, уэ сэ сыпщIынут ажалыншэ» тхыгъэр теухуащ усакIуэ Бицу Анатолэ. Апхуэдэуи къытрадзащ Бицум и усэщIэхэр.

«Щэнхабзэм и лъахэм» псалъащхьэм щIэтщ КIыщокъуэ Алим тепсэлъыхь «ТхакIуэшхуэм и тыгъэхэр». Абы къыкIэлъокIуэ КIыщокъуэм и «Антон мыIэрысэхэр» рассказыр. КIыщокъуэм теухуащ журналист АфIэунэ Рае и «УцIыкIу уи гум ибубыдэр…» тхыгъэр.

Профессор ХьэкIуащэ Андрей и «ЩIэныгъэлIт, усакIу эт, тхакIуэт» тхыгъэм щызэпкърех ЩакIуэ Талъостэн и творчествэр.

ТхакIуэ ныбжьыщIэ Къаныкъуэ Анфисэ и тхылъыщIэрщ зытриухуар журналист Жэмыхъуэ Марианнэ «Уахуэмызэмэ нэхъ къапщтэми…» зыфIища тхыгъэр.

Нало Заур и хъыбар кIэщIхэм ТIалибрэ нарт лIыхъужьхэмрэ дагъэцIыху.

АБЗУАН Пщымахуэ.

Жэуаплыныгъэр зыхащIэу

● ФIыщIэ

Дунейм цIыхуу тетыр зэщхькъым я теплъэкIи, я акъылкIи, я дуней тетыкIэкIи, я зэфIэкIкIи. Дэтхэнэми и цIыху щIыкIэм елъытыжащ зригъэгъуэт щIэныгъэмрэ IэщIагъэмри. ФIыщ цIыхум езым и гумрэ и псэмрэ къыдыхьэ IэщIагъэр зригъэгъуэтыфрэ ар IэнатIэ хуэхъумэ. Абы щыгъуэщ и зэфIэкIым и сэбэпынагъцIыхухэм щекIынур, я фIыщIэ къыщилэжьыфынур, и зэчийм зыщиужьынур, ехъулIэныгъэм и пкIэлъей лъагэм щыдэкIуеинур.

АБЫ и лъэныкъуэкIэ щапхъэщ мы си тхыгъэр зытезухуа Аруан куей сымаджэщым и лэжьакIуэхэр. Ахэр псори зэщхьу зэрихьэлIэжащ жыхуаIэм хуэдэщ - дэтхэнэри и къалэныр нэсу зэрызэфIихыным яужь итщ, сымаджэм и узыр псынщIэу щхьэщахыу гукъыдэж зэрыратыжыным хущIэкъуу апхуэдэщ.

Сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Жамборэ Налжан адыгэ цIыхубз щыпкъэм и щапхъэ дахэщ. НэмысыфIэщ, зэпIэзэрытщ, щабэу, акъыл хэлъу мэпсалъэ. Дэтхэнэ и лэжьакIуэми и сымаджэхэми бгъэдыхьэкIэ къахуегъуэт. Дохутырыр цIыхуфIу, гуапэу щытын хуейщ жыхуаIэр Налжан деж щыбелджылыщ. Сыт хуэдэ зэманым а бзылъхугъэм урихьэлIами, и нэгур зэлъыIухауэ, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ иIэщ.

Апхуэдэ унафэщI зиIэ лэжьакIуэхэри, шэч хэмылъу, я IэнатIэм щхьэтелъэфу бгъэдэтынукъым. Сэ сызыщIэлъар сымаджэщым урологиемкIэ и къудамэрати, абы и унафэщI Тэрчокъуэ Заурэ дохутыр IутIыж Мартинри щытхъу зыхуэфащэ лэжьакIуэхэщ. Си щытыкIэр хьэлъэт абыхэм сащыпэщIэхуам, ауэ зэман кIэщIым а цIыху тельыджэхэм сыкъызэфIагъэувэжащ. Гурэ псэкIэ я лэжьыгъэр зэрырахьэкIыр нэрылъагъу сщыхъуащ - зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми, сымаджэм и щытыкIэмкIэ мыарэзыуэ ахэр я унэ кIуэжынутэкъым.

Гуапагъэрщ мы сымаджэщым щытепщэр. ЦIыхум гуапэу ухущытыным нэхъыфI сыт щыIэ? Арауэ къыщIэкIынщ «Гуапагъэр - ар мылми къыщыкIыф жылэщ» щIыжаIэжар.

Мыбы щылажьэ медсестрахэри санитархэри зыпэрыт IэнатIэм щахь жэуаплыныгъэр зыхуэдэр нэсу зыхащIэу апхуэдэщ. Сыт хуэдэ упщIэкIэ захуэбгъазэми, тэмэму, зэхэхауэ абы и жэуапыр къуатынущ.

«Дахагъэрщ дунейр къезыгъэлынур», - жаIэ. Абы къикIыр щыгъын, унэ, хьэпшып дахэу къыщIэкIынкъым, атIэ псэ къабзэрэ гу щабэрэ жиIэу арагъэнщ. Шэч хэмылъу, жылагъуэр зэтезыIыгъэр зи гугъу сщIа цIыхухэм хуэдэхэрщ, дыгугъэнщ ди гъащIэм ахэр куэдкIэ щынэхъыбэу.

БЫРСЕКЪУЭ Светэ.
Нартан къуажэ.

● Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

Тыркум и президентым и чэнджэщэгъуу щыта, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, Истамбыл дэт университетым и профессор Думэнищ Хьейри *(1923 - 2008)* а къэралым щыIэ Адыгэ Хасэхэм сыткIи дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуу къэгъуэгурыкIуащ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ юриспруденцием теухуа тхылъ куэд.

ЦIыхуищ хэкIуэдащ

Мы гъэм шыщхьэIум и 14-м сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 25-м Лада-217030 автомашинэр «Кавказ» федеральнэ гъуэгум тету Псыхуабэ лъэныкъуэкIэ къикIыу НалшыккIэ здэкIуэм абы и рулым дэсым гъуэгухэр щызэрагъэпэщыж щIыпIэм деж щыт дамыгъэхэр уэим ищIащ.

АРАТИ, зэлэжь лъэмыжым техьэри абы ежэхащ. А гъуэгу насыпыншагъэм рулым дэсамрэ 1970 гъэм къалъхуа автомашинэм иса 1975, 1984 гъэхэм къалъхуа цIыхубзитIымрэ хэкIуэдащ. Абыхэм ящIыгъуа, 2004, 1998 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщIэхэр фэбжь ятелъу КъБР-м и Республикэ сымаджэщым яшащ.

Балигъ мыхъуахэр автомашинэм исащ сабийхэр зэрырапхэ Iэмэпсымэхэр къамыгъэсэбэпу.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

КъБР-мкIэ МВД-м и ГИБДД-м и ДПС-м и полк.

Хамэ къэрал Iэщэхэр къытрах

УФ-м и МВД-м и къудамэу Аруан куейм щыIэм и лэжьакIуэхэм 1973 гъэм къалъхуа нарткъалэдэсым и уней лъапсэр къыщащым къыкъуахащ: Iэщэу 6, шэуэ 249-рэ, хамэ къэралым щащIа щакIуэ фочхэр, калибр зэмылIэужьыгъуэхэм я шэу 240-рэ.

Къытраха Iэщэр КъБР-м щыIэ МВД-м и эксперт-криминалист центрым ягъэхьащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмк Iэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

● Адыгэ пащтыхьхэр

Къалэунэ Шыхьбан и къуэ Сэлихь Хьэжы II (1382)

Амир Шыхьбан и къуэш, яп ипа пащтыхьыр и къуэщщ. Щыгъеувам щыгъуэ и ныбжьыр илъэс 11 хьууэ арати, шэрджэс пащтыхьхэм кьыхэкІа дзэзешэ Беркьукъум къэралыр зэрихьащ.

Беркьукъум къэралым куэд хуилэжьащ: Хьэлэб кьытеуэу щыта тыркумэнхэр игъэшынащ, щыналъэм ирихужащ, бедуинхэр игъэІэсащ. Нилым лъэмыжьышхэу трилъхьащ. Пащтыхь уныпІэм ехьуапсэ щыхьум, кьенькьуэкъуэ пщыхэр лъныкъуэ иригъэзащ, мыдрейхэр хэту хасэ зэригъэпэщри, пащтыхьыр трамыгъэжІмэ, къэралыр кІуэцІрыхуну я фІэщ ищІащ. Ахэр зэхэнэжьэри, пащтыхьыр традзу абы и пІэкІэ Беркьукъур трагъэуэжну мурад ящІащ. Абдеж щыщІидзащ «Шэрджэс пащтыхьхэм я къэралыгъуэ жьакуиІэ пльхьэнэр, Беркьукъури а къэралыгъуэм и зэхэублакуэу кьалытащ.

Шыхьбан и къуэ Сэлихь Хьэжы II пащтыхьы зэрытетар зы илъэс иримыкъущ.

Пащтыхь Беркъукъу (1382 - 1389)

Беркъукъу Кавказым изышар сатуущ Фэхьриддин Уэсмэнщ. Ар Мысырым зэрихьэу, пщы Елыбгъэ щхьэщхьэупщІэ щІетри, зрешалІэ. Елыбгъэ яукІыу и блигущІэтхэри щызэбгрыжыкьым, Беркьукъу абыхьэм ещхьу щІэпхъуэжакьым. Ауэ ар яубудри, Кэрэк кьалэ щыІэ лъэхъэуэщым ирадзащ. АрщхьэкІэ, лъэхъэнэ зэхэзэрыкьыгъуэр кьигъэсэбэпри, пльэхъэщым кьиклІуэсыкІыжащ. Беркьукъу лъэхъуэщым кьыззэрикІыну, дзэ зэригъэпэщри, КаиркІэ иунэ тІащ, икІи хьалирхэр и лъэныкьуэ кьишІри, езыр пащтыхь тахьтэм итІысчкащ. Ар пащтыхь хьунымкІэ дзІэпкьуащ Псыжь щыщ адыгэпщ Бырч.

«Дыщэ ипхъа» тхъыпщэ зи Іэдакъэ кьыщІэкІа тхыдэщ Ибн Алхьимад Беркъукъу и хужиІащ: **«Пащтыхь хахуэт, Іущт, щ'уей лъэрызэхъэт, бжьым Іэзэу ириджэгурт, тхъэмыщІкІэхэм яхуэ'умащІэ, и жьакІэр Іув т, тхъэкІумэкІыхьынэт, ахьщэ зэхуэхьесынымк дихьэхырт, лъэужь щхьэпэ куэд кьыззэринэкІащ. И дзэр Сириеми, Персми, Иракми нэсат...».**

Беркъукъур зэчэмэхэм я сультІан Баезыт зэрырагурыІуар Темыр ЩІакъуэ з игу иримыкьу лІыкІуэ кьыхуищІат. ЛІыкІуэхэм щызагъэпхьашэм, Беркъукъум ар и гум темыхьэу, и щхьэхьумэхэм унафэ ящиущри, кьиклІуэ ящІыгъуэкІащ. Абы и щхьэусыгъуэкІэ Темыр и дзэр Беркъукъум хуигъэкІуащ, ауэ Беркъукъум и дзэр абы хуэзакьым. Тэтэрыдзэр Хьэлэб кьалэ теуэщ, ар зэтрикьутэри, Беркъукъум и дзэм зыхуимыгъаззу, кьыздикІамкІэ игъэзэжащ.

Беркъукъур пащтыхь хьунымкІэ, ар ирадзэ, дзэпщ ІэнэІэмэ ипу, езыр Кавказым кьиузыщауэ щыта сатуущ Уэсмэн Кавказым ящІыкІуэри, и адзэр кьригъэщащ, и ІыхьлыІ гупи и гъуэгу. Ибн Ийяс абы щхьэкІэ итхащ: «Шэрджэс зэкІуэцІыльт, зы хьэрыпІубзэ псалъэ имыщІэу».

Беркъукъу и ныбжьыр илъэс 60-м нэсауэ дунейм ехыжащ. Ебым и цІыкІэ иригъэщІауэ щыта мэжджытыр нобж кьызэтенауэ Каир дэтщ. А лъэхъэнэм псэуа тхыдэджым (Іэссиутім) и тхылъым («Хьуснуд мухьадрэ») и 2-нэ томым и 74-нэ напэкІуэцІым щетх: «Беркъукъу сультІаным езым и цІэкІэ иригъэщІа мэжджытыр хуэун щаухым, абы щезыгъэжьэну егъэджакІуэхэр кьиргъэбЛэгъащ. Абыхэм апхуэдизкІэ пщІэ яхуищІыртри, кьыщыщІыхьэм, езым и ІэкІэ алэрыбгъу яхуиубГауэ щытащ».

Іэл-Іэзэхьар мэжджытым и аэзн джапІэр куэдрэ игъэщІэрэщІэжащ, псы хьумапІэхэр дищІыхьащ, андез щтапІэхэр диГъэващ. А зэманым мэжджытыр ухуэкІэ пащтыхьхэр ерыщт, абыкІэ зэхьэзэхуэ зэрт, яухуам и дахагъым ирипагэкэр т, уцэкІуэ хэр зэгъэтапІэрт. Пащтыхь Беркъукъу и мэжджытыр зыІухуэ лІым и пхъур кьишащэ щытащ, езы Беркъукъу ипхъэри зэритар ухуэкІуэм и къуэш.

Беркъукъу и къуэ Фэрэдж (1399 - 1412)

Беркъукъум кьуищ кьыщІэнат: Фэрэдж, Абдул-Хьэзиз, Ибрэхьим. Дунейм зэрехьэкІу пащтыхь хасэр зэхуэсри, унафэ кьиузащІащ пащтыхь тахьтэм Фэрэдж трагъэтІысхьэну . И ныбжьыр илъэси 10-рэ мазихрэ фІэкІа хьуатэжьыми, пащтыхь щІалэм и кьалэнхэр дзэпщ Антмэш и пщэ дальхащ.

Фэрэдж кьыщальхуэм щигъуэ и адэм щІэуэ фІищар «Бэлыхькьуэ»-щ, кьыщальхуа махуэм бэлыхь хэту ирихьэлІати. Хьэрыпхэм щІэр зэратхар «Бэлгъакъ»-щ. ИужькІэ, зыхэхуауэ щыта бэлыхьыр дахэу щызэфІэжьыкьым, «Фэрэдж фІищжащ, хьэрыпыбзэкІэ «насып кьэфІэгъуэ» кьэкІыну.

Фэрэдж и сабиигъу зи щегъэкІуэу з кьэмыланджэу, хахуэу щытами, егъэлеяуэ щхьэпсэ балигъ хьууэ пащтыхь тахьтэм щыгъетІысхьами апхуэдэ.Ефауэ зауэм Іухьэр т,ж эщІэ чэфу уэрамэм эм кьыщиджэдыхьыпт, лъэ хьэушым иридзэхэр кьыщиригъэщыртри, нэхъ кьыхуэхъуэ кьыкІыпІэр иукІыпт, хьэщхьэрыІуагъэ якІэльыззэрихьэрт. Фэрэдж и хьэл мыхьумыщІэхэр кьызыхьэкІауэ тхыдэджхэм кьалытэр щІалэм и адэм и блигущэтхэр кьыкхуэфІу зэрыщымытаращ.

Фэрэдж и адэмэри зэигуфІуэрт зыкьым. И адэ Беркъукъум иригъэухуауэ щыта мэжджытыр икьутэнути, иригъэкьутэкьым, ауэ щІэльыр щІихащ. Мэжджытыр щимыкьутэфым, и адэм и щэри, и дамыгъэри мэжджытым блынхэм тещІыхьати, аэр тригъэкІри, езым и цІэмрэ и дамыгъэмрэ тригъэуваш, мэжджытыр зэкІуэуэ щыта Жэмауддин иригъэуІащ.

Кьэбэрдей Адыгэ и къэухтэнигъэхэм хэтщ пащтыхь Фэрэдж и адэм и гъэзуэм щытемытам и щхьэусыгъуэр: «Фэрэдж и адэ Беркъукъу пльэпкъыщхьэр, и лъэпкъэгъуэр сыт щытуэ яп» иригъэщырт, уеыпІэ яритыт; ауэ езым и кІуэ Фэрэдж апхуэдэтэкьым. И анэр (Хьонд Ширин) урым пльэпкъым кьыхэкІати, и анэшхэр яп» иригъэщІрт, абы щхьэкІи адыгэпщэр хуэзгуэпырти яукІыну, ятхьэлэнуи хэтахэщ.

Ар илъэсихэрэ ныкъуэкІэ пащтыхьу тета нэхъ, илъэсипщІ фІэкІа зиминыбжь и къуэш Абдулхьэзиз пащтыхьыгъуэр іэщІалъхьащ, кьэралыр дзэпщ Бейбарс зэрихьэн хуей хьуащ. Ауэ пщыхэр абыкІэ арэзытхэсыми, Абулхьэзизыр мазитІрэ махуитщІрэ фІэкІа темытауэ трагъэкІыкри, аргуэру Фэрэдж пащтыхь тахьтэм трагъэтІысхьэжащ. Фэрэдж и еТІуанэ пащтыхьыгъуэр илъэсихкІэ екІуэкІащ. А зэманым тета хьэлифатыр арэзытхэсым абыкІэ. «Пащтыхьу хьэрыпІ щІыналъэм щІэн хуейр мусльымэщ, Мухьэмэд Бегъымбарым и щІэблэм щыщу щытыпхьэщ», - Жэйзу псалъэмакъ кьыщыдэтым, Фэрэдж ар идаекьым. Дамаск быдапІэм тэтэрхэр димыгъэхьэу зауэ у, кьаубыдри яукІауэ щытащ. Фэрэдж езыгъэхъэ хьалирыф пащтыхьу теубами, зэрытетар мазих кьудейщ.

Пащтыхь Фэрэдж и Іэнэхьэнэр щагъэуэ щымытауэ зыхъ щыІэщ, нэхъ хэзыщыкІхэм и тэмэмыкІэр ятхьк. Сыт хуэдэу щытами, абы лъэкІащ тэтэр зэрэпльэуакІуэхэр Дамаск дихужьи, Мысыр щыналъэри абыхэм ящихъмащ, мусльымэн динри, щэнхабзэри, хьэрыпибзэри, щэныгъэри иригъэІэкІуащ.

Фэрэдж СультІаныр щэрджэс пащтыхьхэм я нэхъ щІэжащэ у кьалытащ, ауэ Іэжуэмкі Іэ лІыхьжь т ухуэ ныгъэ уэрдэхэр Каир куэду дригъэщІыхьащ. И лъэхъэнэм щІэныгъэлІхэмэр тхакІуэ-усакІуэхэмэр зауэкьыр,

Іэм деж уэс пІащІэм ещхьу адэкІэ-мыдэкІэ трещІэ. **29.** Кьэацэ-чыцэм кьыпокІэ. Нарт хэм я фадэр аращ къызыхакІыкІыу щытар, **32.** А унэцІэр зэрахьэ адыгэ сабий усакІуэмэ, спортымкІэ, туризмымрэ куорТтхэмкІэ министрмэ. **33.** Щхьэлэбзу ІуагъэщытыкІыну хадэхэм ирагъэувэ. **34.** ЦІыхубз ... хущанэ. **37.** Щ1ым гъуэ куу щызыщІ псэущхьэ щІыкІУ, хьэпІапщІэхэр зи щхьпнигъуэ. **38.** Зиусхьэн лъэпкъ. **39.** Ф9 гъэтджа. **41.** Адыгэ къжІыгъщІэхэр зэхуэзыхьэсу тхылъу кьыдэзыгъэкІа, Къэрэшей-Щэрджэсым щыщ щІэныгъэлІ. **42.** Іуданэу зэхэщ кІапсэ псыгъуэ щІыкІУ. **43.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Министрхэм я Совет-тым и тхъэмадэу щыта ... КІЫщыкъуэ. **45.** 2008 гъэм екІуэкІа дунейпсо Олимп Джэгухэм бэнэныкІэ чемпион щІыхьэ адыгэ щІалэ. **48.** Балъкъэрхэм я кьуэш лъэпкъ, я бзи, я хабзи зэтехуэу. **50.** ЩэкІ кІапэльапІэ. **52.** Уэрэд гууэ. **53.** Акьылыр щагуэшым абы дэсар мащІэкІыьм.**55.** ЕджакІуэхэм ... дахэ ящІащ школ щІащІантІэмрэ абы и Іэгъуэблагъэмрэ я гъэкъэзбэну. **57.** Нартыкуэ гъэлыгъуэ ... **Къехму:** 1. Шым и кІуэкІэ. **2.** И жьлэхэр бжьыьым мэхъу. Хущхьэуэгъуэуи кьагъэсэбэп, Афиянк кьыхах. **4.** Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхъэмадэу щыта ... Борис. **5.** Нэхьыжьхэм кьащІэтаджэ сабийхэр. **6.** Республикэм и ефандыхэм я Іэтащхьэм эреджэр. **7.** ПхэщхьэмащІхэ. **10.** А унэцІэр зэрахьэ: Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ палатэм и тхъэмадэм, бзэ щІэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэралуниверситетым и проректорым. **12.** Зи щхьэгъусэм кьыбгъэдэкІыжа цІыхубз. **14.** Дунейм ехьжам и цІэкІэ хуэмышІащэм ират ахьщІэ. **16.** УЗэгъэ зэрапхэ щхьІ. **18.** Зи пэр щимэу пылыкІа мастэ пІащэ. **20.** ЩІалэм и кьэнкІри хадэр кьытІащ. **22.** Адыгэ бзылъхугъэ уэрэджьІакІуэ, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ дзжьакІуэ Хьэрэдуэр ... **23.** Адыгэ уэрэдус, щІыхьбэм фІыуэ яІъэгъуэ уэрэд Іэджэм макъамэ хуэныхъэ ... Борис. **25.** Псы кьажъуалъэм кьыщІ бырыб. **26.** Кьэзыльэтыхь псыхэс псэущхьэ лъакъуэ псыгъуэ. **30.** Псы Іуфэ, нэз. **31.** Іэщ гупыщхуэ. **35.** Бжэм и ... макъ. **36.** Адыгэ псалъэжьым эрыжьИэмкІэ, апхуэдэ щІыхур щыту малІэ. **40.** Транспортымрэ гъэлгу хозяйствэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и министр. **41.** Егъэлеяуэ нэпсей. **44.** Уэщх кьемышхыу зэман кІыхь щыдэкІ лъэхъэнэ. **45.** ПыІэ ... **46.** Лей зэныхьам ... трапхъащ. **47.** ІэпсЛъэпсым щащІ. **49.** ТхъущІащэ щІэпхумэ кьанэ псыр. **51.** Зыбжанэ. **54.** Зиг кьымщІэмыуэзым уи ... хуумыІуатэ. **56.** Бдзэжьей лІэужьыгъуэ.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдыр.

ШыщхьІуэм и 13-м ди газетым тета псалъэзэлъэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **3.** Теунэ. **8.** Махуэл. **9.** Шэшэн. **11.** Хьэтуей. **12.** Щэрджэс. **13.** ХьэІупэ. **20.** Арузы. **21.** Пуанэ. **22.** Нэгуэ. **23.** Къурашэ. **27.** Апсы. **31.** Нарзан. **32.** Щэрмэт. **33.** Жыгей. **34.** Щэмэдж. **35.** Жырыкъ. **36.** Щэрэдж.

Къехму: **1.** МафЛэдз. **2.** Жэрумэ. **4.** Емышэ. **5.** «Насып». **6.** Нэсрэн. **7.** Бощэч. **14.** Басня. **15.** Нэгумэ. **16.** Шыбзэ. **17.** ЯтІэкъуэ. **18.** Хьэлат. **19.** Хьэзэр. **24.** Гуэрэдж. **25.** Дурдыл. **26.** Данэху. **28.** Пщыкъуэ. **29.** Сценэ. **30.** Хьэшыр.



Бэлагъы Сэтэней и дуней

● Гъуэгу къежьапІэ

Бэлагъы Сэтэней. *Сурэтыр* **ЕІТКЪАН Артур** *трихащ.*

нэхъ щІэщыгъуэ къысщащІ. Іуэжыр жыпІэмэ, сэ усэхэм нэхъ сыдахьэх. Пэхъыбзэу сызэджэр си адэ шыпхъу Бэлагъы Іюбэ и ІэдакъэщІэкІэрщ.

Пщащэм хьэл хуэхъуауэ, игу ирихь усэжэр гукІэ зрегъащІэ. Нэхъыбжу зы кьытхуеджэну зыщыхуэдгъаэзэм, пщащэ цІыкІум кьыджкІар гъэщІэгъэнэт: «Сэ аэр псори зэхуэдэу сигу ирохь, гум кьыдэмыхьэ усэр пхуэзгъэщІэнукьым. Аращи, усэ нэхъ кІыхь хьэмэ нэхъ кІэщІ сыкьыззэджэнур?» Сэтэней и зэфІэкІыр къэхутэн мурадкІэ, усэ нэхъ ин къеджэмэ зэрызигуапэр щыжиесІэм, Бэлагъы Іюбэ и Іэдакъэщ1экІэхэм ящІщ зы гъэхуауэ яІъэгъуэ зыкьжиІащ.

Гъэ еджэгъэщІэм Сэтэней Налшык кьалэ дэт курыт школ №51-м и етІуанэ классым щІэтІысхьэжынущ. Ар фІы дыдэуи ящІэ, щІэныгъэм зэрехьэлІэм и и мызакъуэу, зыхэт гупчэм кьахощ и хьэл-щэнкІэ. Апхуэдэуи Сэтэней анэшхуэм иригъэсауэ дахэу кьоф.

Пщащэ цІыкІум сыткІи щапхъэ хуэхъуу кьелъытэ и адэ шыпхъу Бэлагъы Іюбэ. -Ар сэ кьызэрысщыхьэр кьызэрысІуэтэн псалъэхэр схурикуркъым, - Іюбэ теухуауэ Сэтэней аращ жиІэ икІи абыкІэ хьыдэжбэ цІыкІум кьыдгуригъЭуІуэфащ пщІэшхуэ зэрыхунщІыр.

- Сэ ин сыньхъумэ, дохутыру седжэну сыщІохьэпс, - жеІэ Сэтэней. - Адрей Іэщ1агъэхэри ІейкІым, ауэ дохутырхэр щыхуэхэм нэхъ сэбэп яхуэхьуу, я іэжьыгъэр нэхь щхьэпэу кьежьащ.

Апхуэдэ Іуэху еплъыкІэми кьеГъэлъагъуэ Сэтэней и цІыху щыкІэкІэ гуапэу, гущІэгъу хэлъу, зэхэщІыкІ иІэу зэрыщытыр. Ди гуапэщ абы и мурадхэр кьехьуПІэну.

щхьэщэмыщІ Изэ.

● Шхынытгъуэхэр

Лы Іыхьэ гъэжьахэр, кІэртІоф, бжьыныху щІэлъу

Лыпщ1э щабэ дыдэр хуэхъурей щІыкІэу, пІащІэу зэпаупщІ, г 100 - 150-рэ и лъэлъагъыуэрэ, псы щІыІэкІэ ятхьэщІ, ягъэжэпхъри, шыгъу, шыбжий сыр тракГупри фІыуэ зэІащІ, щІыІапІэ ягъэуври дакъикъи 5 - 7-кІэ щагъэт, шыгъур лым хьыхьэн папщІэ. КІэртІоф укъэбзар ягъавэ, ар зыхэвыкІа псыр тещэчъым иракІэ, абы бжьыныху уба халъхьэ, зэІащІэри и щхьэр трапІэж. Тебэкіэ дагъэ къаГъэпІэ, абы лыпщІэ шыуа гъэжэпхъахэр иралъхъэ, тебащъхэр трапІэри дакъикъи 2 - 3-кІэ ягъажьэ, зэрагъэдзэкІри, тебащхьэр тепІауэ мыдрей лъэныкъуэмкІи зы дакъикъэ хуэдизкІэ ягъажьэ, тхъуэпІъ дахэ хъуукІэ. Абы кІэртІофыр зыхэвыхьа, бжьыныху уба зыхэлъ псир щІакІэ, тебащхьэр трапІэжри мафІэщабэ дыдэм тету дакъикъи 2-3 хуэдизкІэ ягъэбэкъ. Ящ щІыкІэ тепщэчым кІэртІоф упщІэтар иралъхьэ, абы и щІыІум лы гъэжьар тралъхьэжри, тебэм кьина дагъэмрэ псымрэ ящІ. ТракІэж. Ящх пщтыру, пІастэ, мыраемысэ хуабэ, чыржьи, хьэлІамэ, щІакъхуэ и гъуэгу.

Халъхьэхэр (цІыхунтІ Іыхьэ):

Былымыл лыпщІэу - грамм 300
Нартыку дагъэу - грамм 50
КІэртІофу - грамм 400
Бжьыныху укъэбзауэ - грамм 20
КІэртІофыр зыхэвыкІа псыуэ - грамми 130-рэ

Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуеІм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● ФщІэн папщІэ

Іэпкльэпкъ зэкІуж фиІэну фыхуей?

Фшхы ерыскъыр лейуэ кьыфкІэрымыпщІэн папщІэ нэмыцэ диетологхэм чэнджэщ кьыват:

●пщэдджьыжьышхэ фымышІу зэи кьэвмыгъанэ, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, ар сэбэп мэхъу уи Іэпкльэпкъыр тэмэму лъжьэнымкІэ, щэ лейр тІкІыным кІэ;

●щІэх-щІэхыурэ зыгъэ фызэредзэкъэнымк ижь фит, абы аппетитыр егъэкІуэд;

●салатхэм шатэм и пІэкІэ шху хэфкІэ;

●фышхэн и пэ кьихуэу томатыпс е псы кьызэрыгуэкІ стэкан фефэ;

●дагъэмрэ фошыгъэмрэ зэбэкІ ерыскъыхэр нэхъ мащІэ зэрыфІэшынымк ижь фит;

●тхъуцІынэр щІакхъуэм Іуву тевмыцІэпъ, ар марГаринкІэ зэфхъуэкІмэ, нэхъыфІыкІэ;

●пщцыхьэшхэм деж лы Іыхьэ мыин пшхыныр сэбэпщ, сыту жьпІэмэ, абы хэлъ аминокислотахэм щэр зыгъэкІу гормонхэр нэхъ жьджэр ещІ;

●фсыщІу зэи фымышхэ, фыхуей-фыхуэмеймии нэхъыбэ фшхынущ.

● Цыхэшхуэхэм я гупсысэ хэр

КъэгубжьыгъуафІэр пэжым зэи нэсынукъым

апхуэдэ дыдэуи иджыри къомыхъулІам уримыгуфІэ.

* * *

Уи ныбжьэгъуэхэр пхъумэн щхьэкІэ, кьуаншагъэхэр яхуэгбгъэгъуфу щытми хуейщ.

* * *

Цыхуэм уэзрыхущытынур езыр адрейхэм зэрахущытым хуэдэщ.

* * *

КъэгубжьыгъуафІэр пэжым зэи нэсынукъым.

КупщІэшхуэ зиІэ мы псалъэхэр хьэмэ щыхьуар Пасэрей Мысырыщ. Ахэр зейхэм я щІэхэр ди деж къэсакьым.

● Зыгъэдахэ

Напэр къегъэщІэрэщІэж

БЗЫЛЪХУГЪЭМ и тепІъэр дахэ зыщІхэм ящыщщ напафэр кьабзэу, зэлъагъэхэр имыІэу щытынщ. Абы папщІэ пщыхьэщхьэхэм унэм щагъэхьэзыр зэхэлъхэр хуабжьу сэбэпщ.

Напафэр гъущэ, укъуей хъуамэ, мыпхуэдэ зэхэлъ пщІы хъунущ.

Халъхьэхэр: зы джэдыкІэм и кугъуэр, сэхуран дагъэу зы бжэмышхышхуэ, фо пІащІэ бжэмышхыщхуэ.

Зэрагъэхьэзырыр: а псори зэхьыболъхьэри, зэщІщ хъуху зэІыбощІэ.

Къызэрагъэсэбэпыр: бжьэхуц е щеткэ щабэкІэ напэмрэ пщэмрэ щыбохуэ. Ар дакъикъэ 20-25-рэ хуэдизкІэ кІэрылъа нэужь, псы хуабэм хэщІа бжьэхуцкІэ кІэрыбохьыж.

Мы зэхэлъыр махуитІщыкІэ урикъун хуэдэу пщІыуэ, щІыІалъэм щыпхъумэ хъунущ. Мазэрэ ныкъуэкІэ зы тхъэмахуэм 1-2 хуэдизрэ зыщыпхъэмэ, напафэр нэрылъагъуэу къиГъэщІэрэщІэжынущ. Абы хэлъ фом фэр витаминхэмрэ аминокислотахэмкІэ «егъашхэ», джэдыкІэ кугъуэмрэ дагъэмрэ витамин F-кІэ къызэрегъэпэщ.

Фомрэ глицериныр

Фомрэ глицериныр кьыхэщІыкІа зэхэлъым напафэр егъэкъабзэ икІи кьегъэщІэращІэ.

Халъхьэхэр: фомрэ глицериныр бжэмышх цІыкІу зырыз, псы щІыІэу бжэмышх цІыкІуитІ, зыжьгъэ бжэмышх цІыкІу.

Зэрагъэхьэзырыр: фомрэ глицериныр, псыр зэхьыболъхьэри, фІыуэ зэІыбощІэ. Абы хьэжьгъэр хыбокІэтуэщІэ, хыбогъэзэрыхь.

Къызэрагъэсэбэпыр: бжьэхуцкІэ напэм щагъэхуэри, дакъикъэ 15 хуэдизрэ зэкІа нэужь, псы хуабэкІэ ятхьэщІыж.

Тхъэмахуэм кьэриубыдэу тІэу зыщщыпхъэурэ мазитІ дэкІа нэужь, мазищ блыбогъэкІри, иджыри зэ зыбохьэлІэ.

ШЫПШ Даянэ.

● ГушыІэхэр

Уи деж и закъуэкъым

Дохутырымрэ абы и деж зыщщызигъэхьэжа сымаджэмрэ шхапІэ гъэрым щызэрихьапІащ. Махуэ бжьыгъэ и пэ зэІэзэ ІыкІэ фадэ ефэу здэщысым, дохутырыр къэуІэбжьащ.

- Хьэсэн, махуэм грамми 100 нэхьыбэ уемыфэну бжесІатэкъэ? - жиІащ дохутырым.

- КъыхсуэгъэгъУ, ауэ сэ уи деж и закъуэкъым зыщщызгъэхьэужьыр...

● Гушыіэхэр

Сыт къеузыр?

ЗэныбжьэгъуитІ зэхуэзауэ зыр адрейм йоупщІ:

- Уипхъу гъэфІэнэр дауэ щыт?
- Сымаджэшцум щІэльщ.
- Сыт къеузыр?
- МашинэщІэ кьыхуэсщэхуат...

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаз Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкІмэкъыз Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьажыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешІэнэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІ - 42-22-86; кьуажэ гъашІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхуэщ1ауІэхэм ядэлэжьнымкІэ - 42-60-53; хьэрыпщІэхэмкІэ, спортымрэ писмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэтчэхьм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьышаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэу зэныт щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынымрэ щІэ дальщ федералыгъэ иощт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрымкІэ жэуап ехь КЪБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм льагъэхьагъэ и 16-м №П-0065-м щІэту яТхащ.

Зы льэхъэм газетыр 250-р) Кьудокі.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КЪБР, Налшык кьалэ,

Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкІ Соня, редактору Жылаз Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4, 5-эу нат.)*, ІхьатІыкІ Юрэ *(1, 2, 6-эу нат.)* корректорхэм я Іэмэпсымкіэу Мыргъэхьан ФатІимэ, *Компьютерым и газетым и тепІэр ящІащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сихьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 8.878● Заказ №3070